ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№8 (24.758) ● 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр

Урысейм и псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымкIэ и советым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къеблэгъат КИФЩI-р, Къэрым Республикэр, Севастополь къалэр къызэщIэзыубыдэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ къэрал агентствэм и управленэм и унафэщI Разживин Сергей.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, министрхэр, щIыналъэм щызэрахьэ динхэм, цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм захуигъазэу, КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Урысейм щызекIуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэмрэ щэнхабзэ-тхыдэ фэеплъхэмрэ я лъабжьэу, хьэлщэн дахэрэ жэуаплыныгъэ зыхэлъ, зи Хэкур фIыуэ зылъагъу цIыху дгъэсэныр тхузэфIэкIын папщIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу Iэмал псори зэгъэуIун зэрыхуейр ди къэралым зыхуигъэувыж къалэнышхуэхэм язу къыщыгъэлъэгъуащ УФ-м и Президентым накъыгъэм къыдигъэкIа Унафэм. 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м Путин Владимир Владимир и къуэм иубзыхуащ Урысейм хабзэ хъуауэ щызекIуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымкIэ къэрал политикэм и тегъэщIапIэхэр. Унафэ зыIэщIэлъ IуэхущIапIэхэу щIалэгъуалэм ядэлажьэхэми, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ епхахэми, лъэпкъ, дин Iуэху зезыхуэхэми, СМИ-хэми, къэралхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэр езыгъэфIакIуэхэми, граждан жылагъуэм и зэхэтыкIэр къызэзыгъэпэщ къулыкъущIапIэхэми ахэр гъуазэ яхуэхъуащ. Геополитикэ щытыкIэу нобэ дызэрытым еплъытмэ, а лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ къэралым и шынагъуэншагъэр быдэу щытын, абы хабзэ хъуауэ щызекIуэ лъапIэныгъэхэр къызэтенэн, Урысейм и цIыхуу зыкъэлъытэжын Iуэхум и мыхьэнэр емыхуэхын папщIэ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ: «Ди къэралыр сыт хуэдэ зэмани лъэпкъ куэду зэхэт дунейпсо щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм пщIэ яхуищIу, езым еймкIи адрейхэм ядэгуашэу къокIуэкI, нобэми апхуэдэу щытщ, адрейхэм я щэнхабзэхэми яхуэзэIуха зэпытщ. Дунейпсо гъуазджэм и къудамэхэу литературэм, музыкэм, театрым щыпэрыту щытащ Урысейр сыт хуэдэ лъэхъэнэми. Ауэ лъэпкъым и къарум и лъабжьэ тегъэщIапIэхэр яхъуэжыну, къэралым и цIыхухэм, псом хуэмыдэу, щIалэгъуалэм гъуазэ хуэхъу «хабзэм и IункIыбзэм» зыгуэр къыщебгъэрыкIуэм деж, зыпхъумэжыну къыптохуэ. Урысейм апхуэдиз лъэпкъ зэрисым хуэдэу, тхыдэм и фэеплъхэри ныбжькIэ зэIэпах гъэсэныгъэ хабзэхэри хъума щохъу, Хэкум папщIэ жэуаплыныгъэ яхэлъу, къэралым и цIыхухэр псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэ пкъылъэм ейхэм нэхърэ я мыхьэнэр зэрынэхъ иныр ящIэу къотэдж».

- Къэрал политикэм и зы Iыхьэу, 2022 гъэм къащта ТегъэщIапIэхэм я гъусэу яубзыхуауэ щытащ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм пкъылъэ щIэину щымыт я щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ хъумэным теухуа хабзэр», - ягу къигъэкIыжащ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм. – Мыхьэнэшхуэ зиIэ а дэфтэрхэм ехьэлIа лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым. 2024 гъэм фокIадэм и 24-м къэрал планым кIэлъыкIуэу, республикэм Урысейм хабзэ хъуауэ щызекIуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымкIэ и политикэм и тегъэщIапIэхэм япкъ иткIэ, 2024 - 2026 гъэхэм пщIондэ зэфIагъэкIыну я мурад Iуэхугъуэхэр щаубзыхуащ.

Советым хэтхэр едэIуащ Iэтащхьэм зи гугъу ищIа планыр министерствэ щхьэхуэхэм зэрагъэзащIэмрэ абыхэм я лэжьыгъэм жылагъуэ лэжьакIуэхэм хуаIэ еплъыкIэмрэ къыщагъэлъэгъуа къэпсэлъэныгъэхэм. Псалъэмакъыр теухуат унафэ зыIэщIэлъ къулыкъущIапIэхэр, хабзэ хъуауэ республикэм щызэрахьэ динхэм я зэгухьэныгъэхэр, граждан жылагъуэм и къудамэхэр зэрызэдэлажьэм. Мы лэжьыгъэм хэтщ егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, щIалэгъуалэ Iуэхухэм епха IуэхущIапIэхэри. Республикэм Iуэхугъуэ куэд щокIуэкI ди къэралым Хэку зауэшхуэм къыщихьа ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ, дзэ Iуэху хэхам хэт лIыхъужьхэм ятеухуауэ, республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр, бзэр, унагъуэ лъапIэныгъэхэр, лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ лъабжьэхэу Адыгэ хабзэмрэ Тау адетымрэ хъума хъун папщIэ къызэрагъэпэщ дауэдапщэхэр.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор Советым хэтхэр щыгъуазэ ищIащ илъэс блэкIам и кIуэцIкIэ министерствэм проект 17-м зэрызащIигъэкъуам, а псори Урысейм хабзэ хъуауэ щызекIуэ лъапIэныгъэхэр хъумэным хуэунэтIауэ зэрыщытам.

Республикэм щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт и гугъу ищIащ республикэм щылажьэ проектхэм: «ЛIыхъужьхэм я бынхэр», «ЛIыхъужь щIэблэ», «Киберпатруль», «Сэ сыгъэсакIуэщ», «Улэжьэну лъэщщ». КъБР-м щрагъэкIуэкI «Студент гъатхэ», «Школ гъатхэ», «Къунакъ хьэщIэщ» фестивалхэр, волонтерхэм зыщIагъакъуэ жыджэру дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къулыкъур зыгъэзащIэ Карчаевэ Аминат къиьхьа бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, щэнхабзэмкIэ уни 146-м щылажьэу, цIыху 52000-рэ зыхэт зэгухьэныгъэ 200 къызэрагъэпэщащ. Ахэр хъуащ республикэм щызекIуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэм я хъумапIэ. Абыхэм ящыщщ къафэхэр, уэрэдхэр, лъэпкъ IэщIагъэхэр, анэдэлъхубзэхэмкIэ дерсхэр, лъэпкъ хабзэхэмрэ дауэдапщэхэмрэ щызрагъэцIыху пшыхьхэр.

Я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ «Вече» урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Романрэ.

Разживин Сергей жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI дауэдапщэ куэдым зэрыхэтар, ахэр нэгъэсауэ къызэрызэрагъэпэщыфым и щыхьэт зэрыхъуар. Дин, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIахэр зэгурыIуэн папщIэ, езыр зи пашэ IуэхущIапIэр дяпэкIи щIыналъэм къызэрыдэIэпыкъунур къыщыхигъэщащ къулыкъущIэм и псалъэм.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек Разживин Сергей фIыщIэ хуищIащ республикэм къызэреблэгъам, къэралым и политикэр пхыгъэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн зэрыхъуам, ди щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэм уасэшхуэ зэрыхуигъэувым щхьэкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Къалащхьэр ефIэкIуэн хуэдэу

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Журавлев Андрейрэ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймуразрэ республикэ УнафэщIым лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭР тепсэлъыхьащ ди къалащхьэм и зэIузэпэщыныгъэр егъэфIэкIуэным, абы и лъэныкъуэкIэ къэралым щагъэзащIэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэм Налшык хэтын, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэн зэрыхуейм. Абы и IуэхукIэ къалэ кIуэцIым лэжьыгъэшхуэ къызэрыщрахьэжьар, псы зэхуэхьэсыпIэр къызэрагъэщIэрэщIэжыр жиIащ министрым.

Зи гугъу ящIа лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр УФ-м и Президентым и гукъэкIкIэ ирагъэжьа «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ зэфIагъэкIынуращ. Псори зытеухуэжар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, жыджэру лъэпкъ проектхэм хэтынырщ.

Зэхьэзэхуэ инхэм сыткIи хуэщIащ

Лэжьыгъэ IуэхукIэ республикэм и районхэр къыщызэхикIухьым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ щIыналъэхэм щаухуэ, щызэрагъэпэщыж социальнэ, спорт, гъуэгу ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр.

АПХУЭДЭ ящыщ зыщ Кэнжэ дэт «Академия «Пять колец» спорт центрыр. Абы зэрызрагъэужьыным, зэрызрагъэубгъуным теухуауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкI. Центрым тхэквондом, бэнэкIэ хуитым, спорт гимнастикэм, боксым, футболым зыщыхуагъасэу сабий миным нэблагъэ йокIуалIэ. И гъэсэнхэм яхэтщ урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIа, ди къэралым и гуп хэхам я зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ спортсмен ныбжьыщIэхэр. Спорткомплексыр хуэщIащ ныбжь зэхуэмыдэм итхэм, икIи йокIуалIэ сабийхэри балигъхэри. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ мы IуэхущIапIэм спортсмен ныбжьыщIэхэр хэкупсэу, урысей спортымкIэ гушхуэныгъэ яIэу къэгъэхъунымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыми.

Центрым и проектыр Iуэхугъуэ куэд къыхалъытэу, егугъуу ящIащ, спорт Iэмэпсымэхэмкiэ къызэгъэпэщащ. Ар 2020 гъэм хьэрычэтыщIэ зэгухьэныгъэр я дэIэпыкъуэгъуу яухуащ. Спорткомплексым екIуалIэ гъуэгур, машинэ гъэувыпIэхэр зыхуей хуэзэу щIыным республикэм и мылъку хилъхьащ.

Академием и щIыналъэм спорт медицинэмкIэ центр щаухуэ, спортсменхэм я узыншагъэр нэсу къэпщыта хъуным, къищынэмыщIауэ, фэбжь ягъуэтамэ, тэмэму зэфIэувэжыху кIэлъыплъыным хуэщIауэ. Апхуэдэу и кIэм нагъэс зэхьэзэхуэхэм хэтыну, зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIыу ди республикэм къакIуэ спорсменхэр зыщIэсыну хьэщIэщыр. Абы хэтынущ гъэсакIуэхэм папщIэ конференц-пэшхэр, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр, зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну пэш Iэхуитлъэхуитхэр.

Спорткомплексыр сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIауэ щытынущ зэхьэзэхуэ ин дыдэхэр зэрыщрагъэкIуэкIынум. Апхуэдэу центрым и пщIантIэм къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ сабийхэр ящIыгъуу къыщакIухьын нэгузыужь щIыпIэ.

Шэч хэмылъу, ахэр псори хуэунэтIауэ щытынущ ди республикэм спортым зыщегъэужьыным, абы и цIыхухэр гъащIэ узыншэ зэрырахьэкIыным дегъэхьэхыным.

КIуэкIуэ Казбек академием и лэжьакIуэ гупым фIыщIэ яхуищIащ спортым зегъэужьыным, щIалэгъуалэр гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым папщIэ икIи жиIащ центрым кърихьэжьэ Iуэхухэр зэрыдаIыгъынур.

Сабийхэм я хуитыныгъэхэр къалъытэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ Лъынэ Светланэрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ зэхуэзащ.

2024 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр зыхуэдар Iэтащхьэм и пащхьэ ирилъхьащ Лъынэм.

Нэгъабэ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ урысейпсо къэпщытэныгъэ щекIуэкIащ ди хэгъэгуми. Унагъуэ зэрыс сабийхэм иджырей мардэхэм тету уполномоченнэхэр зэрадэлажьэ хабзэхэр къапщытащ. Абы къырикIуахэмкIэ Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щIыналъэхэм щыIэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр ягъэбелджылыну аращ. Къыщинэмыщ Iауэ, мы IэнатIэм хэлъхьапхъэу къалъытэхэр яубзыхунурэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м УФ-м и Президентым и пащхьэ иралъхьэнущ, щытыкIэр ирагъэфIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэхэр яубзыхун папщIэ.

Лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэтрэ зэхуэзащ икIи блэкIа илъэсым IуэхущIапIэм илэжьахэм тепсэлъыхьащ. Нэхъыщхьэу зи гугъу ящIахэм ящыщщ бюджет IэнатIэм пэрытхэм дяпэкIэ улахуэр IэмалыщIэм тету зэрыратынур. А Iуэху бгъэдыхьэкIэм тепсэлъыхьауэ щытащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

РЕСПУБЛИКЭМ и Профсоюзхэм пщэрылъыр нэсу ягъэзащIэ, лэжьакIуэхэм, IэщIагъэлIхэм я щыIэкIэ-псэукIэм, лэжьыгъэм епха хуитыныгъэхэр яхъумэ, абы ехьэлIауэ щыIэ ныкъусаныгъэхэр къыщIагъэщ, лэжьакIуэхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэнымкIэ сэбэп мэхъу.

Амщокъуэ ФатIимэт къыхигъэщащ адрей IуэхущIапIэхэм ещхьу, я деж щылажьэхэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм жыджэру зэрадэIэпыкъур, абыхэм я унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэр.

ДяпэкIэ нэхъ егугъуу зэлэжьынухэм ящыщщ цIыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ щIыныр, лэжьапIэ IэнатIэхэм щаIэ тыншыпIэхэр къызэгъэпэщыныр, унафэщIым и къалэнхэр зэригъэзащIэм кIэлъыплъыныр.

Ди къуэш республикэхэм

Нэхъыжьыфlым йохъуэхъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Хэку зауэшхуэм хэта Солнышкин Афанасий ехъуэхъуащ и ныбжьыр илъэси 105-рэ зэрырикъумкIэ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ ветераным и гъащIэр лIыгъэм, бэшэчыгъэм, хэку лъагъуныгъэм я щапхъэу зэрыщытыр.**

ИЛЪЭС 22-рэ зи ныбжь щIалэщIэу ар Хэку зауэшхуэм ираджащ. ТIасхъэщIэххэм я унафэщIу яхэтащ Кавказыр хуит къэзыщIыжахэм, апхуэдэу Къэрымым, Севастополь, Калининград щекIуэкIа зэхэуэхэм. Зыбжанэрэ уIэгъэ ящIащ. Фашист зэрыпхъуакIуэхэм ядригъэкIуэкIа бэнэныгъэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Кавказыр зэрихъумам папщIэ» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри къратащ.

«Солнышкин Афанасий и гъащIэр быдэу епхащ ди къэралым и тхыдэм. Хэкум и гъусэу абы гугъуехь псори игъэващ, абы и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнащ, и зыужьыныгъэм хуэлэжьащ. Ар сыт хуэдэ щытыкIэ къиххутами, и гъащIэ унэтIыныгъэхэм хуэпэжу щытащ.

Илъэси 105-рэ уззрырикъуамкIэ гуапэу дынохъуэхъу, пщIэ зыхуэтщI Афанасий Петр и къуэ! Уи Iыхьлыхэм я гулъытэмрэ лъагъуныгъэмрэ къыбдекIуэкIыну. УэркIэ догушхуэ икIи ди тхыдэм ущыщщ!» - дыкъыщоджэ КъШР-м и Iэтащхьэм и телеграм каналым.

Нэгъабэрейм йофIэкI

АДЫГЕЙ. **Президент грантхэм я фондым зэфIигъэкIащ мылъкур 2025 гъэм щIыналъэхэм ятегуэшэныр. Абы ипкъ иткIэ республикэм къыIэрыхьэнущ сом мелуан 19-рэ мин 376-м щIигъу.**

ЖЫЛАГЪУЭМ зегъэужьынымкIэ зэпеуэхэр егъэкIуэкIыным республикэ бюджетым хухиха сом мелуан 35-р абы хэплъхьэжмэ, псори зэхэту мелуан 54-м щIигъунущ. Ар сом мелуани 10-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ елъытауэ.

- Адыгейм илъэс къэс щыхохъуэ къыхэжанык Iхэр дэIыгъыным трагъэкIуадэ мылъкум. Ар щIэгъэкъуэн хуохъу жэрдэмыщIэхэр пхыгъэкIыным, - жиIащ Адыгейм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мырзэ Джанбэч.

Республикэм илъэс къэс зыщеубгъу абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ Iэмалхэм икIи я мурадхэр пхыгъэкIынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Псы къабзэ

Мыхьэнэшхуэ зиIэщ

Iуащхьэмахуэ лъапэ щыпсэухэмрэ мин бжыгъэкIэрэ ди деж зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэмрэ папщIэ псыр зэрагъэкъабзэ, къагъэсэбэпар зэрыIуаш ухуэныгъэхэр къыщагъэщIэрэщIэж мы щIыналъэм - километр 12-м щIигъум бжьамийхэр, кIэнауэхэр, хьэкхъуафэхэр щIэуэ далъхьэ.

Проектыр зэрыиным къыхэкIыу, абы илъэс зыбжанэ трагъэкIуэдэнущ икIи, лэжьакIуэхэм къалэн зэрызыхуагъэувыжамкIэ, 2027 гъэм и кIэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ. Иужьрей дыдэу мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ щыщрагъэкIуэкIар 1970 гъэхэрщ.

Тырныаузрэ абы пэгъунэгъу жылэхэмрэ мы зэманым цIыху мин 22-м щIигъу щопсэу икIи абыхэм я санитар-эпидемиологие шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ зи ужь ит лэжьыгъэшхуэр.

Къалэдэсхэмрэ а щIыпIэм щыIэ турист ухуэныгъэхэмрэ псори зэхэту зы жэщ-махуэм кърыубыдэу псыуэ кубометр мини 10-м щIигъум хуэныкъуэнущи, абыкIэ нэсу къызэрагъэпэщыным хуэщIащ мы проектыр.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



● Иджырей лIыхъужьхэр

Дэтхэнэми зэхещIыкI

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм ирагъэблэгъахэр щрагъэплъащ «Война за соседним столиком» документальнэ фильмым. Ар къызэригъэпэщащ «Ни шагу назад» волонтёр зэгухьэныгъэм.

ПШЫХЬЫМ ирагъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, Шэрэдж щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан, КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс, Налшык къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и унафэщIым и къуэдзэ Макаев Мулид, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Джаппуев Мусса. Апхуэдэу абы зыкърагъэхьэлIат дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абы къулыкъу щызыщIэхэм, зауэлIхэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, ныбжьэгъухэм, волонтёрхэм.

- Мы фильмыр техыныр сигу къэкIащ си ныбжьэгъу Ерёмин Семён дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда нэужь. Журналист цIэрыIуэу, адэфIу щытащ ар. БлэкIа зэманым иту абы утепсэлъыхьыну гугъущ, уеблэмэ ар зэрытфIэкIуэдар иджыри си щхьэм къысхуигъэтIасэркъым. Запорожскэ лъэныкъуэмкIэ щыхэкIуэдащ Семён, абы репортаж щигъэхьэзыру. Дронхэм къаухъуреихьа нэужь, къызэмылын уIэгъэ хъуат. Мы пэшым щызэхуэсащ апхуэдэ хэщIыныгъэ зыгъуэтахэм ящыщ куэд. Зи унагъуэм щыщ е ныбжьэгъу, къулыкъу къыдэзыщIэхэр зыфIэкIуэдахэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащIэкъым. Фильмыр щIытетхар къыдэкIуэтей щIэблэм дзэ Iуэху хэхам и мыхьэнэр зыхедгъэщIэн папщIэщ. Дэтхэнэ зы цIыхуми зэхищIыкIын хуейщ мы щIалэхэм ди сабийхэр мамыру псэун, ахэри къэкIуэну зэманым нацизмэм пэщIэмытын щхьэкIэ зэфIагъэкIхэр зыхуэдэр, - жиIащ «Ни шагу назад» IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Байсиев Темыржан.

- ЗэуапIэ губгъуэм иджыпсту итхэмрэ къэралым и къэкIуэнур мамырыным зи псэ щIэзытахэмрэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Ди зауэлIхэм махуэ къэс лIыгъэ зэрахьэ. Ахэр я псэ емыблэжу пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ щIобэн, зэгуэр нацистхэм япэщIэта ди нэхъыжьыфIхэр я щапхъэу, - жиIащ Къуэшырокъуэ Залым.

«Война за соседним столиком» фильмыр и щапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зауэлI къэмылэнджэжхэм дзэ Iуэху хэхам щызэрахьэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ къулыкъу зыщIэ щIалэхэр зыхэт гугъуехьхэр, ахэр къызэрызэранэкIыр, зауэлIхэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэр. Фильмым къыбгурегъаIуэ мамыр гъащIэм и уасэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ.

Зэхуэсахэр зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэда зауэлIхэм.

Фильмыр трахащ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ Президент фондыр, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, дзэ Iуэху хэхам и волонтёрхэм я зэгухьэныгъэр я дэIэпыкъуэгъуу. КъыжIапхъэщ, фильмым елэжьахэм абы къаруушхуэ зэрырахьэлIамрэ хуабагъэ зэрыщIалъхьамрэ. Дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуным теухуа мы лэжьыгъэр зыхузэфIэкIахэм фIыщIэ яхуэфащэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Адыгэ Псалъэ ● apkbr.ru ● adyghe@mail.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ●

• 2025 гъэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсщ

Нэхъыжьхэм я щапхъэм щІапІыкІ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Дзэлыкъуэдэс къуажэм и курыт еджапІэм щрагъэкІуэкІащ «ЛІыхъужьыгъэмрэ щІыхьымрэ я дерсхэр» зэІущІэр. Ар къызэригъэпэщащ а жылэм къыщалъхуа, Налшык къалэм и ОВД-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэм и къуэдзэ, зауэ зэпэщІэувэныгъэхэм хэта, полицэм и подполковникыу къулыкъум къыхэкІыжа Тембот Артур.

НАЛШЫК къалэм и хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм я советым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм япкъ иткІэ зэхашат а зэІущІэр икІи ар трахуат мы гъэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсу зэрагъэувам.

Дзэлыкъуэдэсхэм а махуэм хьэщІапІэ къахуэкІуат Тембот Артур и ныбжьэгъухэу Налшык къалэм и ОВД-м и ветеранхэм я советым и унафэщІ, полицэм и полковникыу къулыкъум къыхэкІыжа КІэрэф Борисрэ полицэм подполковникыу хэта Черновэ Аленэрэ. Абыхэм ягу къагъэкІыжащ КъБР-м и МВД-м илъэс куэдкІэ щылэжьахэу, лІыхъужьыгъэхэр зезыхьахэу Горшков Анатолэрэ КІарэ Анатолэрэ. ХьэщІэхэм я псалъэмакъыр нэхъыбэу зытрагъэщІар хабзэхъумэ ІэнатІэм нобэ пэрыхьэ ныбжьыщІэхэм, япэ итахэм зэрахьа лІыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэу щытын зэрыхуейрщ.

Апхуэдэуи Тембот Артур къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ школым зэрыщІэсам, хабзэхъумэ ІэнатІэм зэрыпэрытам, къыдеджахэм щыщ языныкъуэхэм я гъащІэр къызэрекІуэкІам, яхуэзфІэкІахэм.

КъБР-м и МВД-м тхыдэмкІэ и музейр къызэзыгъэпэща Черновэ Аленэ гуапэу игу къигъэкІыжащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм къыщалъхуа, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ КъБАССР-м и МВД-м зэрыбкІэ тридзэу щылэжьа Добротворская Любовь зэрихьа лІыгъэр. Ди щІыналъэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм щаубыдам щыгъуэ а цІыхубз хахуэр партизанхэм яхыхьауэ щытащ, ауэ, бзэгузехьэхэм я зэранкІэ ар нэмыцэхэм яубыдри, Псыхуабэ къалэм деж щаукІащ.

ЗэІущІэм кърихьэлІа, Дзэлыкъуэ щІыналъэм и ОВД-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Щоджэн Барэсбий щІалэгъуалэм щапхъэу къахуихьащ Хэкур зыхъумэу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм нобэ зэрахьэ лІыгъэмрэ къагъэлъагъуэ хахуагъэмрэ икІи къыхуриджащ абыхэм ядэплъеину.

Курыт еджапІэм и унафэщІ Дзасэжь Албэч къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ школым и ехъулІэныгъэхэм, еджакІуэ цІыкІухэр хэкупсэу къэхъун папщІэ, абы щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм, нэгъуэщІхэми.

КъБР-м и хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм къабгъэдэкІыу школым и унафэщІхэмрэ еджакІуэхэмрэ хьэщІэхэр ехъуэхъуащ я лэжьыгъэм щехъулІэну, школым фІыуэ щеджэну, гъащІэм гъуэгу дахэ къыщыхахыну, Хэкум хуэпэжу щытыну.

ЗэІущІэм и кІэм удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ Дзэлыкъуэдэс къуажэм дэт, Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъым деж.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

• Дызэкъуэту

Къалэнышхуэ зи пщэ къыдэхуахэр

Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапІэ №2-м щекІуэкІащ лІыхъужьыгъэм и дерс. Ар къызэригъэпэщащ «Поиск» школ отрядым и унафэщІ, тхыдэмкІэ егъэджакІуэ Шыбзыхъуэ Хьамсинэ. Кърагъэблэгъащ СВО-м хэт лІыхъужьхэу Къандэхъу Алимрэ Хьэмгъуокъу Муратрэ. УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, унагъуэр хъумэнымкІэ, адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ я ІуэхухэмкІэ абы и комитетым и унафэщІ Останинэ Нинэ къалэн къащищІри, кърагъэблэгъа щІалэхэм зэІущІэм щратащ «Хэкур хъумэным теухуауэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ папщІэ» щІыхь тхылъ.

2015 ГЪЭМ Къандэхъу Алим Нарткъалэ дэт 1-нэ лицейр къиухри, Санкт-Петербург дэт дзэ институтым щІэтІысхьащ. Абы командэ факультетым и офицеру къыщІэкІащ. Къулыкъу щищІащ Приволжскэ округым. Лъэпкъ гвардием лейтенант нэхъыжьу хэтщ, подразделенэм и командирщ. Сирием терроризмэм щыпэщІэтынымкІэ къулыкъу гугъу щрихьэкІащ. Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхар къызэрыхъейрэ абы щыІэщ, лІыгъэ игъэлъагъуэу. Къэрал дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ, псэемыблэжу къулыкъум зэрыпэрытым папщІэ. 2022 гъэм «Участник боевых действий» бгъэхэІур кърахащ. 2023 гъэм УФ-м и Президентым и УнафэкІэ, Къандэхъу Алим Жуковым и медалыр къыхуагъэфэщащ. 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м УФ-м и Лъэпкъ гвардием и зауэлІхэм я федеральнэ ІэнатІэм и унафэщІым къритащ «Участнику СВО» медалыр.

Хьэмгъуокъу Мурат Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м щІэсащ. Школ нэужьым ар зэгурыІуэныгъэкІэ дзэ къулыкъум хыхьащ. 2023 гъэм щегъэжьауэ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам щыІэщ. Танкым пэщІэт взводым хэту къалэн гугъу ирехьэкІ. Абы папщІэ ди щІалэм дамыгъэ лъапІэхэри къыхуагъэфэщащ.

ЗауэлІхэм ныбжьыщІэхэр щІагъэдэІуащ дзэ Іуэху хэхам щагъэунэхуахэм, жаІащ Хэкум къылъыкъуэкІ гугъуехьхэр къызэнэкІа хъуным теухуауэ я пщэ къыдэхуа къалэныр зэрагъэзэщІэнур. ЩІалэхэм щапхъэу къахьащ Хэку зауэшхуэм хэта ди нэхъыжьхэм я лІыхъужьыгъэр, Афганистаным щыІахэм, нобэ Украинэм къулыкъу щезыхьэкІхэм я хахуагъэр.

ГЪУЭТ Синэ.

• Экономикэ

Іыхьэ щанэкІэ хэхъуащ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ахъшэ Іэрылъхьэ хэмыту уасэхэр зэрызыІэпах (платёжнэ) картэу, псори зэхэту, къыщыдагъэкІам я бжыгъэр мелуан 1,6-м нэблэгъащ. Гъэ блэкІам и закъуэ ахэр процент 34,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

АХЪШЭ Іэрылъхьэ хэмыту уасэр зэІэпыхынымкІэ Іуэхутхьэбзэхэм ди республикэм нэхъри зыщаубгъуащ.

Электрон терминалхэмрэ банкоматхэмрэ щІыналъэм нэхъыбэж щыхъуащ, къэдгъэлъагъуэмэ, я бжыгъэм процент 22-кІэ щыхэхъуащ, псори зэхэту мини 9-м щхьэдэхащ. Нэгъуэщ Іу жытІэмэ, зи гугъу тщІы Іэмэпсымэхэм хуэдэу 10 цІыху мин къэс хуозэ.

QR кодкІэ щахуэхэм я бжыгъэми ди республикэм щыхохъуэ, Іуэхутхьэбзэр лъэІэсыгъуафІэрэ зыгъэтыншу къазэрыщыхъум къыхэкІыу. Гъэ блэкІам жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу, зи гугъу тщІы Іуэхутхьэбзэм тегъэщІа электрон Іэмэпсымэу мини 3,6-м щІигъу республикэм щыдиІащ.

Банк инфраструктурэм зыщимыубгъуа щІыпІэхэмрэ сату щІапІэхэмрэ ди нобэми къагъэсэбэпыр, зэрыгурыІуэгъуэщи, нэрылъагъу ахъшэ зэІэпыхыкІэщ.

«ЩэхуакІуэхэм мы зэманым нэгъуэщІ ІэмалыщІи къыхуагупсысащ. Банк картэкІэ тыкуэным е бензин игъэхъуапІэм щыщахуэм Іуэхутхьэбзэм и уасэр зэрыхухагъэкІым и мызакъуэу, абдеж дыдэм, кассирым хъыбар иригъащІэкІэрэ, ахъшэ Іэрылъхьи къыщыхихыфынущ, - къыхегъэщ Урысейм и Ахъшэ хъумапІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Балаев Расул. - МызэкІэ, а щІыкІэм тету щэхуакІуэм зы картэкІэ зэ Іэбэгъуэу къыхухэнур сом мини 5-щ, мазэм къриубыдэу - сом мин 30-щ.

Балаевым зэрыжиІэмкІэ, ди республикэм зи гугъу ищІ Іуэхутхьэбзэр къыщыпхуэгъэсэбэпыну сату щІапІэхэм я бжыгъэм, гъэ блэкІам къриубыдэу, процентри 10-кІэ щыхэхъуащ. Мы зэманым ахэр псори зэхэту зэрыхъур 73-щи, я процент 25-р здэщыІэр къуажэхэращ.

Уасэхэр зэрызыІэпах картэхэр къызэрагъэсэбэпыр хэкІыпІэфІщ щэн-къэщэхуным пыщІа Іуэху цІыкІуфэкІухэр цІыхухэм ящыгъэпсынщІэнымкІэ. А гупсысэрщ лъабжьэ яхуэхъуар Урысейм и Ахъшэ хъумапІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм, республикэм и Правительствэм, цІыхухэм щыхуэ етынымкІэ ІуэхущІапІэхэм (банкхэм), иджырей зэпыщІэныгъэхэмкІэ операторхэм, район администрацэхэм щылажьэ ІэщІагъэлІхэм къызэдащта проектым. Ар къыхощ зи гугъу тщІы ахъшэ хъумапІэм и пресс-ІуэхущІапІэм къытІэригъэхьа тхыгъэм.

БЭРАУ Бышэ.

• Узыншагъэ

Амбулаторэхэр зрегъэлъагъу

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам илъэсыщІэр къызэрихьэрэ зригъэлъэгъуащ Белая Речкэ, Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ, Светловодскэ, Дей, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм щаухуэ амбулаторэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэр.

УХУЭНЫГЪЭХЭР йокІуэкІ «ЦІыхухэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щыхуащІэ ІуэхущІапІэхэр къэгъэщІэрэщІэжын» щІыналъэ программэм ипкъ иткІэ. Ахэр мы илъэсым хьэзыр ящІыну я мурадщ. Унэхэр къызэфІагъэуващ, абы и пэшхэр зэрыщытыну щІыкІэр зэхагъэщхьэхукІащ, щхьэгъубжэ блыпкъхэр хагъэуващ.

Министрым жиІащ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм арэзы къызэрищІар, абы къыдэкІуэуи ухуакІуэхэр къыхуриджащ Іуэхур нэхъ щІагъэхуэбжьэну, унэм инженер коммуникацэхэр ешэлІэным егугъуну, апхуэдэуи цІыхухэм медицинэ ІуэхутхьэбзэхэрI яхуэщІынымкІэ щыІэ жыпхъэщІэхэм къызэрагъэувым тету ІэщІагъэлІхэм я пэшхэм я зэкІылъыхьыкІэм гулъытэ хуащІыну.

2025 гъэм республикэм амбулаторэу 8 къыщызэІуахынущ. Зи гугъу тщІахэм къищынэмыщІауэ, апхуэдэ медицинэ ІуэхущІапІэхэр щахуэ Прохладнэ щІыналъэм и Красносельскэ къуажэмрэ Налшык округым хыхьэ Кэнжэ жылэмрэ.

«Къуажэ дохутыр»

Мы программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ 2019 гъэ лъандэрэ. А зэманым къриубыдэу республикэм и медицинэ ІуэхущІапІэхэм лэжьыгъэ щагъуэтащ унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ ІэщІагъэлІ 205-м. Программэм и фІыгъэкІэ узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэр зыхуримыкъу ІэщІагъэлІхэмкІэ къызэгъэпэща мэхъу, апхуэдэуи къэралым мылъку хьарзынэкІэ дохутыр щІалэхэм защІегъакъуэ.

2025 ГЪЭМ республикэм и район сымаджэщхэм ягъэкІуэнущ дохутыр 23-рэ курыт щІэныгъэ зиІэ ІэщІагъэлІу 8-рэ. Программэм къызэригъэувымкІэ, жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм ягъакІуэ дохутырхэм сом мелуан 1,5-рэ, фельдшерхэм сом мин 750-рэ иратынущ. ЦІыху мин 50-м нэблагъэ зыдэс къуажэхэм щылэжьэну дохутырхэм сом мелуан яІэрыхьэнущ. ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр здэкІуа щІыпІэхэм илъэситхукІэ щыІэнущ. Іуэху щхьэпэр ягъэзащІэ «Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм зегъэужьын» къэрал программэм къызэригъэувым тету.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2024 гъэм къэралым и щІыналъэхэм а программэр зэрагъэзащІэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр а Іуэхум псом нэхърэ нэхъ ехъулІэу къагъэлъэгъуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

• Ди щІыналъэ

Шэчэр лъахэ

Зэрыхъуари къызыхэкІари сымыщІэу, иджыри сыщІалэ цІынэу мэзхэм кІуэн щІэздзащ. «Сыт, атІэ, абыкІэ къыджепІэну узыхуейр?» жыфІэу фыкъызэупщІмэ, фхуэсІуэтэну сызыхущІэкъур си нэгу къызэрысхущІэгъэувэжкІэ зэкІэлъызгъэкІуэнщ.



Дожьэ, атІэ

НАЛШЫК къалэм дэт еджапІэ нэхъыщхьэм (КъБКъУ-м) сыщІэсу, сыщалъхуа къуажэм, Лэскэн ЕтІуанэм, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм сыкІуэжырт. А жылэрат зэкъуэшитІыр, Амиррэ сэрэ, анэр къытщхьэщыту, дыщапІа ди лъапсэр здэщыІэр. Сихьэжыху къэси сыхъуапсэрт, «ярэби, мэз гъунэгъуу мо къысщыхъухэм къыщызущыхьыфыну пІэрэ?» жысІэу. Пэж дыдэуи, Лэскэн ЕтІуанэр зыдэс тІуащІэр, нэхъри игъэхъуэпсэгъуэу, лъэныкъуитІымкІи мэзхэмкІэ къэувыхьащ, псом хуэмыдэжу къуажэкум ипщэкІэ щыІэ Іыхьэр.

Нэхъ дыщыщІалэІуэхэми, ныбжьэгъу цІыкІухэр дызэгъусэу, мэз нэхъ къыдэдзахэм мызэ-мытІэуи дыкІуат, дызылъэІэсыну къыдэхъулІэр цІыху нэхъ узыщыхуэмызэ жыг гуэрэныбэхэр арами. Апхуэдэт, псалъэм папщІэ, Лэскэн ЕтІуанэм къухьэпІэмкІэ къедза сэнтх нэхъ щхьэгуэм и кІыхьагъкІэ декІуэкІ екІэпцІэ мэзу Арщыдан къуажэм и бгъумкІэ къуацэ-чыцэкІэрэ зезыгъэзыхыжри, къуэкІыпІэ-ипщэкІэ уплъэмэ, Лэскэн адрыщІкІэ зыкъыщызыІэт, пыІэ къуацэхэмкІэ щІэуфэжа мэзылъэ ІуащхьэжьхэмI я лъабжьэкІэ щыІэ щІыпІэ дахэхэри.

АрщхьэкІэ, мыбыхэм си цІыкІугъуэу кІуэн щыщІэздзар нэгъуэщІ хъыбарщи, университетым сыщыщІэса зэманымкІэ къезгъэзэкІыжынщ.

Йоуэри, зэгуэр, пщыхьэщхьэхуегъэзэкІи хъуауэ, Налшык сокІыжри Анзорей ЦІыкІу (Лэскэн ЕтІуанэм) сыдохьэж. Ди унэм и пэш щхьэхуэм щІэсу сарохьэлІэ ныджэмкІэ щыІэ уэрамым тхуэзанщІабзэу (а лъэхъэнэм гъунэгъухэм я хадэхэмкІи дыщызэкІэлъыкІуэрт) тес Лъакъуэдыгъу Хьэсэнрэ абы и щхьэгъусэ Іэминатрэ (Къумахуэхэ япхъут).

Ди анэр, зэкъуэшитІым ди Іуэху зэрихуэу, пэш щхьэхуэм къыщІэкІщІыхьэжми, и нэхъыбэм хьэщІэхэм ябгъэдэст. БзылъхугъитІыр Лъакъуэдыгъум жиІэхэм едаІуэрт. Дэ, зэкъуэшхэм, унэ кІуэцІитІым я зэхуакумкІи бжэ щхьэхуэ хэлъти, балигъхэр зытепсэлъыхь гуэрхэри зэхэтхырт.

Ауэрэ здекІуэкІым, ди анэм и зи чэзу къыщІэкІыгъуэм сэ зыкъысхуегъазэ: «Аслъэн, уэ хъыбарыжьхэр пфІэфІщ, Хьэсэн жиІэхэм щхьэ уемыдаІуэрэ?!» жеІэри. «Сыту пІэрэ?» хузогъэщІагъуэ. «УнищІыхьэмэ, зэхэпхынкъэ! ГъэщІэгъуэнщ!» - къызетыж жэуап.

...А пщыхьэщхьэращ, къызэрызгубзыгъыжымкІэ, и кІапэлъапэ гуэр нэхъ мыхъуми, щызэхэсхыгъар, иужьым Лъакъуэдыгъум нэхъ егъэзырабгъуэрэ зэпкърыхауэ сэ езым къысхуиІуэтэжа хъыбархэм ящыщу, Лэскэнрэ Урыхурэ я зэхуаку дэлъ тІуащІэм къуакІэ-бгыкІэу ипщэ лъэныкъуэмкІэ зыкъыхуезыгъэзых мэзышхуэм къыщІэж Шэчэр псы цІыкІум ехьэлІа хъыбар телъыджэм и хуэмэбжьымэ гуэрхэр. Зи гугъу тщІы а тІуащІэм «Шэчэр» жыхуаІэ псы къуэпситІ зэрыщежэхым иужькІэт щыгъуазэ сыщыхъуэхъуар.

Къытезыгъэзэж щІыкІэу къыхэзгъэщынщи, «тхыдэ мыжыжьэр» къысхуэзыІуэтэжар Хьэтуей щыщми, и гъащІэм и етІуанэ Іыхьэр Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щезыхьэкІа Лъакъуэдыгъу Хьэсэнщ. АтІэми, Хьэсэн хьэблэм къызэрыщацІыхур щэкІуэн зи мыжагъуэ мэзакІуэут, ІуэрыІуатэр зи бэрэ хъыбарыжьхэр къэІуэтэжынымкІи пащІ щымыІэм хуэдэут.

Дэ къызэрытлъытэмкІи, ар щытащ, ІуэрыІуатэм зэрыхуэгурыхуэм къыдэкІуэу, нэхущым къэтэджрэ мэз кІуэуэ щыщэкІуэнымкІи, гуфІэгъуэ Іэнэм щызэхуэсахэм уэрэдыжьхэр захригъэхынымкІи зыхуэдэ щымыІэ лІыуэ.

«Сытыт, атІэ, ищхьэкІэ зи гугъу пщІа хъыбарыр зыхуэгъэзар?» жыфІэу фыкъызэупщІмэ, зытеухуар мызыгъуэгукІи и кІэм нэсу къызэрысхуэмыІуэтэжыфынум къыхэкІыу, Октябрь Революцэ Иныр ди къэралым къыщыхъеиным иджыри илъэс бжыгъэ иІэжу, Къэбэрдейм а и лъэныкъуэмкІэ къыщыхъуа Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэм ящыщ гуэру зэрыщытыр къыхэзгъэщынщи, мы тхыгъэм и нэгъуэщІ ІыхьэмкІэ секІуэтэкІыжынщ.

НэгъуэщІу жысІэмэ, ди адэ къуэш нэхъыщІэм и къуэ цІыкІу (дауи, сызытепсэлъыхь лъэхъэнэрат ар щыцІыкІуар) Хьэутийрэ сэрэ лъакъуэрыгъажэкІэ зекІуэ гъуэгуанэ дызэрытехьауэ щытам и гугъу фхуэсщІынщ.

Хьэутий цІыкІурэ сэрэ

А зэманми, мэзхэм сызэрызыІэпашэм и мызакъуэу, лъакъуэрыгъажэми сыдихьэхырт, кІуэ сызытесыр къутамэ, абы и пІэ изгъэувэжын щІэх къызэрысхуамыщэхунур сщІэ пэтми.

АтІэ, арати, зэгуэр къуажэм сыщыІэу, кІуэ уэ къащІэ ар зэрыхъуа щІыкІэр, Хьэутий цІыкІу зыщІызогъури, тІури дызытешасэр а зы «хьэфэшыр» арами, тызоухуэ, псым адрыщІкІэ къыщыс Анзорей (Старэ Лэскэн) къуажэм дыдыхьэу, япэу дызыІущІэ уэрамдэкІымкІэ, къэгъэзи-нэгъази дыхэмыту, дрижэу, жылэбгъу губгъуэм дызэрынэсу, ІуэрыІуатэрэ картэкІэ фІэкІа «сымылъэгъуа» къуэладжэу Шэчэр къызыдэжым дыхуеІэну.

АтІэми, гъуэгуанэ «зэгъым» дытезышам и щхьэусыгъуэхэм ящыщу къэслъытар мыращ: япэр - щІыуэпсыр фІыуэ зэрыслъагъурщ, етІуанэр - дыщалъхуа, дыщапІа, ди нэхъыжьхэм нэщхъеягъуи тхъэгъуи щалъэгъуа щІыналъэм пщІэ лей зэрыхуэсщІырщ, къинэмыщІауэ (хъыбарыжьхэри блэкІар дэзыгъэщІыхуж ІэмалыфІу зэрыщытыр къэтлъытэмэ), ищхьэкІэ зи гугъу сщІа ІуэрыІуатэу а щІыпІэм хуэгъэзам и хуэмэбжьымэ гуэрхэри щызыхэсщІэным сызэрихуэу арагъэнт.

Лъакъуэрыгъажэм и гупэмкІэ щхьэнтэ папщІэу щызэгъэпэща тетІысхьэпІэ щабэм ныбжьыщІэр тезэгъэнтэкъэ? Хьэутий цІыкІурэ сэрэ зэрыжысІа щІыкІэу дыдокІ.

Псым дызэрынэсу дыкъуопсыхри, лъэсу дызэпрокІ. Ныджэм и адрыщІ лъэныкъуэм уфІэмыкІауэ хьэфэш утетІысхьэныр, дауи, дзыхьщІыгъуэджэт. Нэхъри, псыежэхым и адрей нэпкъыр ижьрабгъущи, ЩІы Хъурейм ищхъэрэкІэ гъэза и сыт хуэдэ ныджэми къызэрыщекІуэкІыу (геофизикэ-географиер зыджхэми гу зэрылъатауэ), нэхъ задэщ.

Лъакъуэрыгъажэр ди Іэдэжу, Хьэутий цІыкІурэ сэрэ джабащхьэм дыдокІри, Анзорей дыдохьэ. Япэу дызрихьэлІа уэрам зэпрыум дытоувэ. Іэдэжу тІыгъам дытотІысхьэжри, «макІуэ-мэлъей!», и кІыхьагъкІэ дрожэ.

ГукъэкІыж щІыкІэу мыри къызэзгъэщынут. Нэхъапэхэм адрыщІ щІалэ цІыкІухэм дащышынэу (езыхэри къытщышынэу) къекІуэкІат, ар ди лъым хэтти, арагъэнут Анзорейм сыщыдыхьэкІэ си закъуэну сыщІыхуэмеяр...

АтІэми, хьэи цІыхуи зэран къытхуэмыхъуу, къуажэбгъум дынэсащ. Абдежыр губгъуэ тафэ зэлъыІухат, гъунэгъу хьэблэм я зэхэзекІуапІэу. Дызэрынэсу дыкъэувыІащи, зыдоплъыхь. Хьэутий цІыкІуи зегъэнабдзэгубдзаплъэ, абыкІи къызэрызэІэпыкъум щыгуфІыкІыжу.

НыбжьыщІэм къызжиІэхэми седаІуэ хуэдэурэ, адэкІэ хэтшыну лъэныкъуэр къыхыдох. Губгъуэм диту деплъыхмэ, гу лъыдотэ къуажэкум къыдэкІ гъуэгур къуэкІыпІэмкІэ щыІэ сэнтхым зэрыхуэкІуэм. Дауи, дызыхуеІэ псыхъуэ цІыкІур здэщыІэр абыкІэт.

Лъакъуэрыгъажэм дыкъепсыхдытетІысхьэжурэ, нэпкъитІым лэдэхыу дыхьэ гъуэгумкІэ дыдокІри, лъагапІэм дытохьэ.

ЩІэплъыпІэм нэсу нэм къыхуэплъыхьыр тафэрэ губгъуэу мэш зыщІэхэм къагъэсэбэпырщ. Гъуэгум адэкІэ зызыхеш. ДызыхуишэнкІэ хъунур дигу итлъхьа лъэныкъуэр арауэ зэрыщытым дрипІейтейми, гупсэхугъуи къыдет.

Ещхьыркъабзэу дунейм и щытыкІэми зыкъыддещІ: бжьыхьэпэ мазэу дыгъэпсщ, нэхущ, хъуапсэгъуэщ. Губгъуэ кІыхьышхуэм илэжьыхьхэмрэ тракторрэ машинэу щызэхэзежэмрэ, дыгъэм пэджэгужу псысэм хуэдэщи, нэр зыгъэгуфІэщ. Дэри мы ди ежьэгъуэм дызыхуеяр дгъуэта хуэдэ, тафэ гъуэгужьу нашэкъашэм тІэкІу хуэгъэзыхыгъуэу дрожэ...

Дыздынэсари Шэчэрт

СхужыІэнукъым, Хьэутий цІыкІурэ сэрэ мы ди ежьэгъуэм Шэчэрышхуэ зыдэт къуэладжэм дыдэплъауэ. Хьэуэ, абы дэ дыхунэсатэкъым. ДыкъыщыувыІар джабащхьэ щыгуу Шэчэр ЦІыкІу зыдэт тІуащІэм хуезыгъэзыхырщ. Пэжу, дызыхуеплъых къуэ мызадэм щежэх псыр зэры-Шэчэр ЦІыкІум щыгъуазэ сыщыхуэхъуар иужькІэщ, дыздынэса сэнтхыщхьэм гукъэкІыжкІэ тесщІыкІыжа сурэтым, илъэс бжыгъэфІи дэкІыжауэ, набдзэгубдзаплъэу сыщеплъыжарщ...

Мыри къыхэзгъэщынут. Мэзылъэ шытхыр Лэскэнрэ Урыхурэ я зэхуаку дэлъ тІуащІэм щыкІуэцІрыкІым и нэхъ лъагапІэхэм къыщежьэ Шэчэрышхуэ и псыхъуащхьэхэратэкъым щІылъыхъуапхъэр илъэси 110-рэ ипэкІэ а лъэныкъуэмкІэ хьэрычэтыщІэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа Паршин Иван, Октябрь Революцэ Иным иужькІэ Америкэм Іэпхъуэн хуей щыхъум, ибгынэжа «Іуэхухэм» я лъэужь гъуэтыгъуейхэм. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ абы гу щылъыстэжар Лъакъуэдыгъу Хьэсэн къызжиІэжам тестхыкІыжауэ щыта тхыгъэм, ищхьэкІи зэрыщыжысІащи, набдзэгубдзаплъэу сыщеплъыжарщ.

Ауэ, Хьэутий цІыкІурэ сэрэ а псоми дыщыгъуазэтэкъыми, дыздынэсам дызэгупсысар уэ къащІэ, ауэ мырагъэнт: «Шэчэр и тІуащІэм дынэмысыпами, гъунэгъу дыхуэхъуакъэ?» Ар къудейми дригушхуэрэ махуэри бзыгъэрэ уэфІу къызэрытхущІэкІари ди гурыфІыгъуэу, нэр зытеплъызэ Іэхэлъахэм хуиту зыщытплъыхьри къедгъэкІэрэхъуэкІыжащ...

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Дунейм щыхъыбархэр

ПІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и советым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ Украинэм щыІэ щытыкІэмрэ мы махуэхэм США-м и президент и къулыкъум пэрыхьа Трамп Дональд и администрацэм зэрыдэлэжьэну щІыкІэмрэ.

ПУТИН Владимир къыхигъэщащ къэралитІым я зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэжыным америкэ президентыр зэрыхущІэкъур зэрыдиІыгъыр икІи жиІащ Украинэм и ІуэхукІэ абы епсэлъэну Москва зэрыхьэзырыр, ауэ зэныкъуэкъум и къежьапІэ хъуа щхьэусыгъуэр япэщІыкІэ зэрызэфІэхыпхъэр.

«ЩытыкІэр зэпІэзэрыт щІыным и гугъу щытщІкІэ, иджыри зэ къыхэзгъэщыну сыхуейт - абы и къалэныр пІалъэкІэ зэгурыІуэныгъэ зэтщІылІэныркъым, зэныкъуэкъум зэрыпытщэжын къарур зэщІэдгъэуІуэжын папщІэ жыІурыхьэгъуэ дгъуэтынырқъым, атІэ а щІыналъэм щыпсэу цІыхухэм, лъэпкъхэм хабзэкІэ яІэ хуитыныгъэхэм хуэфэщэн пщІэ яхуэтщІу, пІалъэ кІыхьым тещІыхьа мамырыгъэ къызэгъэпэщынырщ», - жиІащ Путин Владимир.

Туристхэм къахохъуэ

«Коммерсантъ» газетым зэритхымкІэ, мы щІымахуэм Урысейм зыплъыхьакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэм процент 40-м нэблагъэкІэ хэхъуащ. Визэ Іуэхур нэхъ тынш зэрыхъуам, сомым и уасэр къызэрехуэхам къыхэкІыу хамэ къэрал къикІ туристхэр нэхъыбэ хъуащ.

ЗЫГЪЭПСЭХУАКІУЭХЭР нэхъыбэу къыздикІыр Китайрщ, Сауд Хьэрыпырщ, Германиерщ, Совет Союзым хыхьэу щыта къэралхэрщ. Урысейм и туроператорхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, махуи 5 - 7-кІэ ди къэралым зыщагъэпсэхуным, кхъухьлъатэ уасэр хэмыту, сом мин 80 - 90-м нэс токІуадэ.

Туристхэр нэхъ зыщІэупщІэхэм ящыщщ Москва, Санкт-Петербург, Къэзан, Калининград, Самарэ, Новгород Ищхъэрэ, Ярославль, Псков къалэхэр. Нэхъыбэрэ къытрагъэзэж Москва, Санкт-Петербург, Новгород Ищхъэрэ къалэхэм.

Нобэ

♦ІэкІэ тхэным и дунейпсо махуэщ

♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, тхыдэ щІэныгъэмкІэ доктор, профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **МафІэдз Сэрэбий**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ ДАХ-м и вице-президент, КъБР-м лъэпкъыбзэхэм зегъэужьынымкІэ и лабораторэм и унафэщІ **Щоджэн Іэминат**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 0 - 2, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уафэм пкІэлъей иумыдз, дзасэм тхъу пумыІу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Насыпым и къыхэкIыпIэхэр

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, дэ дынасыпыфIэщ! Сыту щытми, иджыблагъэ ВЦИОМ-м (Жылагъуэм и Iуэху еплъыкIэр зригъэщIэнымкIэ урысейпсо центр) къызэрихутам тепщIыхьмэ, УФ-м и дэтхэнэ цIыху етIуанэри и гъащIэмкIэ арэзыщ, Iыхьэ щанэр, хэбгъэзыхьмэ, насыпыфIэ дыдэщ. Насыпыншэу зыкъэзылъытэжыр процент 15 - 20–м щIигъуркъым.

ЗАНЩIЭУ гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым абы насыпыр къызэрипщ пщалъэр цIыхум бгъэдэлъ мылъкур зыхуэдизым зэрытримыщIыхьыр. Абы и лъэныкъуэкIэ дуней псом дэ 60-нэ увыпIэр щытIыгъыу къыщыгъэлъэгъуащ нэгъуэщI къэбжыкIэмкIэ. Ауэ дэнэ а езы «пщалъэр» къыздикIар?

Ар къэзыгупсыса профессор цIэрыIуэ Винховен Рууд и ныбжьыр илъэс 82-м иту иджыблагъэ, 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м, езым и хэку Голландием щылIащ. Зи IуэхущIафэ псори насыпым и къыхэкIыпIэхэр джыным езыхьэлIам абы теухуа и япэ лэжьыгъэр 1984 гъэм къытрыригъэдзащ, арщхьэкIэ Интернетыр а зэманым щыIэтэкъыми, ар апхуэдизу хэIущIыIу хъуакъым, ауэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэм къыгурыIуат гъуэгу тэмэм зэрытетыр. А зэманым американхэмрэ европейхэмрэ егъэлеяуэ къулей хъуат, хэхъуэшхуэхэр яIэрыхьэрт, арщхьэкIэ, итIани зыхащIэрт зыгуэр зэрахущыщIэр. АтIэ мылъку уиIэкIэ сыт и мыхьэнэр, абы гуфIэгъуэ къыпхуимыхьмэ? ЦIыхур дунейм къытохьэри, екъу зэпыту мэпсэу, доллар минипщIхэр зыIэрыхьэхэр минищэхэм хущIокъу, иужьрейхэр мелуанхэм щIохъуэпс, апхуэдэури я гъащIэр макIуэ, зы дэрэжэгъуэ гуэри хэмылъу. Мыбдеж зыгуэр щыщыIэщ..

Винховен и къэхутэныгъэхэм зригъэукъуэдиящ, «Насыпым и къэхутакIуэ» журналыр къыдигъэкIыу щIидзащ. 2003 гъэм еджагъэшхуэм и лэжьыгъэм щыщIэупщIащ Инджылызым и правительствэм. Узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я IэнатIэхэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр щыхалъхьэм абы и къэхутэныгъэхэр къагъэсэбэпащ. 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ «Дунейпсо насыпым и индексыр» трагщIыхь унэтIыныгъиищым: цIыхур и псэукIэмкIэ зэрыарэзым, и гъащIэм и кIыхьагъыну къалъытэр зыхуэдизым, щIыуэпсым и щытыкIэр игу зэрырихьым. 2011 гъэм ООН-м унафэ къиштащ насыпым и индексыр зыужьыныгъэм и пщалъэхэм ящыщ зыуэ гъэувыным теухуауэ.

МыдэкIэ къэдгъэзэжынщи, СССР-м и зэманым ди деж къыщалъытэу щытащ я псэукIэр зыхуэдэмкIэ къанэ щымыIэу псори арэзыуэ. Ар лъэлъэжа иужь 1993 гъэм япэу къаIэтащ мы Iуэхур. Нэхъыжьхэм дощIэж инфляцэм псынщIэ дыдэу зыщрича икIи щIэпхъаджагъэхэм егъэлеяуэ зыщаубгъуа а зэманым гукъыдэж зиIэхэр мащIэ дыдэу зэрыщытар. Ар къигъэлъэгъуащ цIыхухэм зэреупщIами: я гъащIэмкIэ арэзытэкъым абыхэм я процент 75-р, ар зигу ирихьыр процентищи ирикъуртэкъым. Уеблэмэ, 2000 гъэми дэ Винховен и журналым зэхилъхьа рейтингым ищIагъымкIэ дыщыIащ, ди яужь африкан къэрал зыбжанэ фIэкIа имыту. 2003 гъэрщ дэ а рейтингым хуэм-хуэмурэ дыкъыщыдэкIуейуэ щыхуежьар. А зэманым ди къэралым щIыдагъэм ахъшэшхуэ къызэрыщIихым и фIыгъэкIэ цIыхухэм я хэхъуэхэм хуэдищкIэ заIэтати, урысейхэм ящыщу арэзыхэр апхуэдэ дыдэу бэгъуэн хуейуэ къыпщыхъунт, арщхьэкIэ УФ-м насыпыр къызэрыщалъытэр хэхъуэхэми емылъытауэ къыщIэкIащ. Ди къэралым щхьэкIэ зэрыгушхуэрщ ди цIыхухэм япэ ирагъэщыр! Ар къигъэлъэгъуащ 2014 гъэм ВЦИОМ-р цIыхухэм зэреупщIам. Урысейхэм я процент 76-м щIигъум жаIащ я гъащIэмкIэ арэзыуэ. Дауи, ар нэхъыбэу къызыхэкIар Къырымыр Урысейм къызэрыхагъэхьэжарщ, апхуэдэ лъэбакъуэ ичынми ди къэралыр зэрытегушхуарщ. Хьэлэмэтщ, ауэ а зэманым лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм зиIэтырт, сомым и къарур щIэкIырт, ди жагъуэгъухэр куэд зэрыгъэхъуат, итIани, я щхьэ Iуэхухэр яужь кърагъэнат. ЖытIэнщи, Урысейм и закъуэкъым апхуэдэу гъащIэм щыбгъэдыхьэр.

Пэжу, гушхуэныгъэ къудейкIэ псори зэфIэкIыркъым, абы жыжьэ унихьэсынукъым: мэжалIэ, щыгъыныджэ цIыхум насыпыфIэу зыкъилъытэжынукъым, къэралым дунейпсо утыкум сыт щызригъэхъулIэми. Ди къэралым Iуэхухэр зэрыщекIуэкIым уегупсысмэ, ВЦИОМ-м къихь бжыгъэхэм шэч къытыбохьэ. Дауи, ди деж мэжалIэхэр щыIэкъым, ауэ насыпыфIэхэри апхуэдэу щыкуэду къыщIэкIынукъым. АрщхьэкIэ бжыгъэхэр бжыгъэщ. «Урысей къалэхэм насыпымкIэ я индекс» къэхутэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Ямало-Ненец автоном округым, Дагъыстэным, Тывам щыпсэухэм я процент 85-м насыпыфIэу зыкъалъытэж, нэхъ къалэ насыпыфIэ дыдэщ Шэшэным и щыхьэр Грознэр. Абы щыгъуэми, «пщы и пщыж» Москва иубыдыфар 56-нэ увыпIэрщ. Иужьрейр къызыхэкIыргурыIуэгъуэщ - абы щIыуэпсыр щызэIыхьащ, щIэпхъаджагъэхэр щыкуэдщ, арщхьэкIэ мыдрейхэр сыткIэ ефIэкIрэ, псалъэм и хьэтыркIэ, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым?

НэгъуэщI зыи. ЦIыхум насыпыфIэу зыкъилъытэжын папщIэ куэд хуейкъым: езыр и гъунэгъум псэукIэкIэ ефIэкIыу илъагъумэ зэфIэкIащ. Иджы къагъэсэбэп зэгъэпщэныгъэхэр зы жыпхъэ пхуигъэувэнукъым, дэтхэнэ лъэпкъри насыпым зэреплъыр зэщхьэщокIри. Абы куэдыщэ тражыIыхьащи, зыри щыщIыбгъуэжын щыIэкъым.

Хэт тежынур?

• Уасэхэр

Китай махуэгъэпсымкIэ, дызыхыхьа 2025 гъэр блэм и илъэсщ. А псэущхьэм щышынэми, куэдыр абы фIыкIэ щогугъ, ар зэпIэзэрытыныгъэмрэ IущыгъэмрэI я нэщэнэу къалъытэри. Хэбгъэзыхьмэ, языныкъуэхэм я унэм щапIыну къащэху (пэжу жытIэнщи, ахэр щащэ тыкуэнхэр ди деж щыIэу дыщыгъуазэкъым). Сыту щытми, цIыху къызэрыгуэкIхэм я гупсысэр зыхуэгъэзар ауэ жыжьэуи блэ гъэшхэныркъым, атIэ махуэ къэс я пащхьэ къиувэ къалэнхэр зэрызэфIагъэкIынурщ. Къэралым щытыкIэ хьэлэмэт щызэфIэуващ. Улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ, нэгъуэщI хэхъуэхэм зыщаIэт, арщхьэкIэ уасэхэри я пIэ иткъым, языныкъуэхэм деж гурыIуэгъуэкъым хэт япэ ищми. А тIур зэхьэрхуэрэгъущ. Бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, хэхъуэхэр теж хуэдэщ, ауэ дэтхэнэ цIыху щхьэхуэми абы езым и еплъыкIэ иIэжщ.

УРЫСЕЙМ СтатистикэмкIэ и къэрал комитетым къызэритамкIэ, блэкIа илъэсым и кIэм инфляцэр процента 9,7-рэ хъуащ, 2024 гъэм и пэщIэдзэм зэрыщыта процента 7,4-м икIри. ЗэфIэува хабзэм тету щIышылэм и1-м пенсэхэм зэрыхагъэхъуари иужьрей бжыгъэм тещIыхьауэщ. НэрылъагъущI къызэрыкIэрыхур, ауэ иджы абы куэдрэ топсэлъыхьри, ар зэрахъуэкIыну къыщIэкIынущ.

Уасэхэр зэрыдэуейм къигъэгузэва цIыхухэр нэхъыбэрэ щыщахуэу хуежьащ, тIэкIу нэхъыкIэми, хьэпшып нэхъ пудхэр щащэ тыкуэнхэм, языныкъуэхэм ерыскъыпхъэхэр куэду зэрагъэпэщ. Сомыр нэхъ пуд зэрыхъур я нэгу щIокIри, банкхэм щIыхуэ къыIах щхьэщатыкIыну процентхэм щымышынэу. Ахэри ящыщщ инфляцэр щIэзыгъэпсынщIэхэм. Ар зэтриIыгъэн мурадкIэ УФ-м и Банк нэхъыщхьэм процентхэр дрегъэуей, ауэ зэкIэ сэбэп хъууэ гу лъыттэркъым.

Зыр зым пыщIащ. Апхуэдэ щытыкIэм псэупIэхэм я уасэхэр уафэхэм нэсу дригъэуеящи, цIыхухэм ахэр къамыщэхужыф хъуащ. КъыIах ахъшэм щхьэщатыкIхэм зэрызаIэтамрэ я IэдакъэщIэкIхэр зэрахуимыгъэкIымрэ ухуакIуэхэр къыжьэдакъуащ. ЛэжьакIуэхэр къазэремэщIэкIыр абы хэплъхьэжмэ, псэупIэхэр ящIыныр къызэтоувыIэ, я уасэхэми хуэдэу. АрщхьэкIэ 2025 гъэм иужьрейхэр ирихужьэну къыщIэкIынущ IэнатIэ псори зэщIэзыубыдэ инфляцэм.

Статистикэм дигу къегъэкIыж 2024 гъэм бензиныр Урысейм ику иту процент 11-кIэ нэхъ лъапIэ зэрыщыхъуар. АрщхьэкIэ IэщIагъэлIхэм дагъэшынэ 2025 гъэм аргуэру процент 20-кIэ дэуеинкIэ. Абы къиIэтынущ хьэпшыпхэми, ерыскъыпхъэхэми, Iуэхутхьэбзэхэми я уасэхэр. Жылагъуэ транспортым и гугъу дымыщIыххэми хъунущ.

Иджыри къэс дызытепсэлъыхьахэр гъэм и зэман пыухыкIам темыщIыхьамэ, электрокъарур, газыр, псыр, кIэрыху бжьэрыхухэр зэрыдашыр нэхъ лъапIэ щыхъунур дызыхыхьа илъэсым и бадзэуэгъуэрщ. Къэралым и дэтхэнэ щIыналъэми щхьэхуэу егъэщIылIауэ уасэхэр щIэрыщIэу зыгъэувынур УФ-м и Правительствэрщ. Ику иту ахэр процент 11,9-кIэ Урысейм щыдэкIуеину хуагъэфащэ.

А бжыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм процентэ 9,2-м щыщхьэдэхынукъым. АрщхьэкIэ Дагъыстэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щылъагэнущ - процент 11,2-м къыщыщIэдзауэ процент 19,1-м нэсыху. ЗэрыжаIэмкIэ, ар къызыхэкIынур а республикэхэр коммунальнэ IэнатIэр къанэ щымыIэу къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа программэщIэм зэрыхагъэхьаращ. Абы укъыхэхутэн папщIэ нэхъыщхьэу къыпхуагъэувхэм ящыщщ экономикэ лъабжьэм тет уасэхэр уиIэныр.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа псоми япэщIэтынущ цIыхухэм яIэрыхьэ хэхъуэхэр. 2025 гъэми ахэр нэхъыбэж хъунущ. Бжыгъэ зыбжанэ къэтхьынщ. Упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейхэм я пщалъэу ягъэувамрэ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэмрэ заIэтынущ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процент 14,8-кIэ, 16,6-кIэ. Ахэр инфляцэм щхьэпрокI. Иужьрей бжыгъэр федерацэ псом зэрыщызекIуэнум хуэдэу, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм сом мин 22-рэ 440-рэ щыхъунущ, Ставрополь крайм, хэбгъэзыхьмэ, сом мин 26-рэ 94-м щынэсынущ. Ар упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейуэ ягъэува сом мин 14-рэ 396-м нэхърэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ.

Пенсэхэм я гугъу тщIащ, арщхьэкIэ зэрыжытIам хуэдэу инфляцэр зыщыгугъахэм нэхърэ нэхъ лъагэу къызэрыщIэкIам къыхэкIыу, мазаем и 1-м ахэр аргуэру зэ индексацэ ящIынущ. Апхуэдэу а мазэм хэхъуэнущ сабийхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ яIэрыхьэ псоми.

Хъарзынэщ, ауэ дызыгъэпIейтей упщIэ къыхокI: пэлъэщыну пIэрэ а псори зизыча инфляцэм? Дауи, ику ит бжыгъэхэр къахьмэ, Iуэхухэр Iеинукъым, ауэ ахэр дэтхэнэ цIыхуми щхьэхуэу тещIыхьамэ-щэ?

Къахэхъуащ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм

Къуажэдэсхэм ящыщ гуэрым деж «мэктуп» къэкIуамэ, цIыкIуи ини къыщызэхуэсрэ ар зэпаплъыхьу, псоми яфIэгъэщIэгъуэну зэIэпахыу щыщытар куэд дыдэ щIакъым. ЕджэкIэ-тхэкIэ зыщIэ закъуэтIакъуэхэм къиищынэмыщIауэ, абы итыр къизыджыкIыфын щыIэтэкъым, ауэ тещIыхьа сурэтым къуажэр тхьэмахуэкIэ тепсэлъыхьыфырт. «Мэктуп» псалъэр жьы хъууэ бзэм хэкIуэдыкIыжами, лъэхъэнэ кIыхькIэ адыгэ гъащIэм хэтащ, Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр къыдэунэхуу, псалъэ хьэлэмэтхэр къигъэщIу.

«МЭКТУП» псалъэр адыгэбзэм къыхэзыхьар хьэрыпыбзэрэ тыркубзэрэ фIыуэ зыщIэу щыта дин лэжьакIуэхэращ. Ахэр езыхэр щIэх-щIэхыурэ зэхуэтхэрт, диным къигъэув Iуэхугъуэ пыухыкIахэмкIэ зэчэнджэщу, Iуэху еплъыкIэ щхьэхуэхэмкIэ зэхъуажэу, махуэщIхэмкIэ зэхъуэхъуу. Ефэнды нэхъыжьхэм къащIэна апхуэдэ тхыгъэ куэд абыхэм я щIэблэм нобэми зэрахьэ. Жэпуэгъуэ революцэм къиихьа псэукIэщIэм цIыхур техьэу «письмо» псалъэм хуэкIуэху, «мэктуп» псалъэр бзэм щызекIуащ. Къуажэкум «мэктуп пкъо» иту щытащ, цIыхур абы бгъэдыхьэрэ фIэлъ «мэктуп пхъуантэм» щIыпIэ гуэрым ягъэхь тхыгъэр ирадзэу. Апхуэдэу мэктупыр ягъэщIэращIэу щытащ. Абы щхьэкIэ щIыпIэ унафэр щызэрахьэ IуэхущIапIэм, нэхъапэхэм «къуажэ унэ» жыхуаIэу щытам, кIуэрти, абы щIэс тхакIуэм ар тхыпхъэщIыпхъэкIэ ирырагъэщIэращIэрт. ТхыпхъэщIыпхъэхэр «мэрчэп» жыхуаIэмкIэ къыхагъэкIырт, иджы абы щхьэкIэ «шакъэ» жыдоIэ. Мэрчэпыр кIэгъуасэмрэ мэрчэпыдэмрэ къыхащIыкIыу щытащ. Зи мэктупыр зыгъэдэхэну хуейхэм мэрчэпыдэр къуажэ тхакIуэм хуахьырти, зэрыхуейм хуэдэу ирагъэгъэщIэращIэрт. Тхыбзэм хэлъ фIагъымрэ ар нэм къызэрырагъэщтэну дахагъымрэ адыгэхэм гулъытэ хуащIу зэрыщытам и щапхъэ мащIэ дыдэщ къэтхьа псалъэхэр.

ГъащIэщIэр лъэ быдэкIэ ува нэужь, «письмо» псалъэр бзэм къыхыхьащ, абы епха Iуэхугъуэхэми зиубгъуащ. Нобэ письмокIэ дызэджэм нэхъ пасэIуэу «пощт картэ» мыхьэнэри, абы тет тхыгъэри кърагъэубыдырт. ПисьмоулъэрI нэхъ иужьыIуэкIэщ цIыхухэм щызэлъащIысар. Зи гугъу тщIа мэктупыр дэ нэхъыбэу къызэрыдгурыIуэри «пощт картэ» мыхьэнэр хэлъущ. Иджы ахэр сурэт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэщIэращIэ, къэхъугъэ щхьэхуэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэмкIэ ягъэнщI.

Сыт хуэдиз зэхъуэкIыныгъэ гъащIэм къыщымыхъуами, IэкIэ ятх тхыгъэм и къарур икIакъым, абы хэлъ хуабагъэри кIуэсакъым. Арагъэнущ иджыри къыздэсым пощт картэхэр щIызекIуэхэр, сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ «открыткэ» жыхуэтIэхэр мащIэ щIэмыхъур. Апхуэдэу щIэх-щIэхыурэ зэхыдох адыгэ дунейм зиужьыным гуащIафIэу хуэлэжьахэм я цIэм епхауэ пощт картэ жыхуэтIэхэр дунейм къызэрытехьэр. Пэжщ, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэм - цIыхухэр я Iуэху зыIуткIэ иризэлъэгъэIэсыным - и мызакъуэу, иджы щэнхабзэ къалэни иIэ хъуащ. Ахэр зэхуэхьэсакIуэхэм къалъыхъуэ, гъэтIылъыгъэ ящI.

«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэр зэрыщыгъуазэщи, нобэкIэ щэнхабзэ мыхьэнэ игъуэтауэ дунейм къытехьащ Нало Жансэхъу, КъардэнгъущI Зырамыку, КIуащ БетIал, Нало Ахьмэдхъан, КIуэкIуэ Валерэ, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, нэгъуэщI куэдми я цIэкIэ пощт картэхэр. Мыхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, щэнхабзэ икIи жылагъуэ лэжьакIуэхэм я махуэщIхэм ирихьэлIэу дунейм къытехьащ. Абыхэм я хъыбар лъэпкъ газетым и напэкIуэцIхэм къытехуэху, цIыхухэр къыщIэупщIэрт, яIэмэ зэрафIэфIыр, я гъэтIылъыгъэхэм халъхьэмэ зэрагуапэр къыхагъэщу. ИкIи, гъэщIэгъуэнрачи, «мэктуп» къэзылъыхъуэ нэхъыжьхэри къахэкIырт. Иджыблагъэ апхуэдэ зы Iуэхугъуэ гуапэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ. ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Табыщ Мурат и жэрдэмкIэ дунейм къытехьащ адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, джэгуакIуэ-уэрэдус, узэщIакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ и сурэтыр зытет пощт картэр.

ПащIэ Бэчмырзэ и цIэкIэ пощт картэр къыдэгъэкIыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар усакIуэр къызэралъхурэ илъэси 170-рэ зэрырикъурщ. Адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыбзэр зи лъабжьэ усыгъэмрэ зэзыпх ПащIэм и усэхэм лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр ягъэтIылъа къудейкъым. Абыхэм лъэпкъ гупсысэкIэм и гъунапкъэхэр зэлъыIуагъэкIуэтащ. Лъэпкъ IуэрыIуатэм и гущапIэм къихъукIа усакIуэр абы къуэпс быдэкIэ зэрепхар и усыгъэхэм IупщI дыдэу къахэщми, абы усэнымрэ усэкIэмрэ фащэ ящитIэгъащ. Япэрауэ, ахэр тхыбзэм ирилъхьащ, етIуанэрауэ, адыгэ усыгъэм и псалъэ зэгъэпэщыкIэр гъуэгущIэ тригъэуващ. ПащIэм и усыгъэр цIыхубэм фIыуэ щIалъагъур абы и псалъэхэр ущиеу зэрыгъэпсарщ, гъэсэпэтхыдэу зэрыIурщ. Гъэсэныгъэ-узэщIыныгъэ мыхьэнэуэ иIэр къыпхуэмылъытэну зэрыиным къыхэкIащ ПащIэ Бэчмырзэ и усыгъэр курыт еджапIэхэм, университетхэм, институтхэм зэрыщаджыр, къэхутэныгъэхэр зэрытращIыхьыр. Къыхэгъэщын хуейщ усакIуэ нэхъыжьым и цIэкIэ нэхъапэкIэ мыпхуэдэ пощт картэ дунейм къызэрытемыхьари, ар абы и цIэр адыгэхэм я гъащIэм щиубыд увыпIэр нэхъри нэхъ ин щыщIыным зэрыхуэунэтIари.

Дунейм къытехьа пощт картэр тхылъымпIэ Iувым къыхэщIыкIащ, абы тещIыхьа теплъэгъуэр ПащIэ Бэчмырзэ псэууэ траха сурэтым тращIыкIащ. Зи нэгум нур гуапэ кърих дадэм и щIыбагъым къыщыхощ и усэхэр зэритхыу щыта хьэрфхэр. Хьэрып хьэрфхэр лъабжьэ зыхуищIа алыфбейри адыгэ тхыбзэм и тхыдэщ, лъэпкъ щIэныгъэм и къэкIуапIэщ. Пощт картэм тет сурэтыр Табыщ Мурат и гъэтIылъыгъэхэм къыхэхащ, абы тращIыкIа теплъэгъуэр Щоджэн Жаннэ ищIащ. Пощт картэр 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м сыхьэт 16-м Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и пэшышхуэм щаутIыпщащ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэ щIыхь» мыхъурыр трагъауэкIэрэ.

Пощт картэр щаутIыпщым кърихьэлIащ ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху, композитор, усакIуэ ХьэIупIэ ДжэбрэIил, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэмрэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондымрэ я Хасащхьэм хэтхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IуэхущIапIэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ я егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ. Пэшышхуэм щIэса цIыхуи 100-м щIигъур пощт картэм гуапэу IущIащ, IэгуауэшхуэкIи пежьащ. Табыщ Мурат къызэрыхигъэщамкIэ, иджырей гъащIэм пощт картэхэм щагъэзащIэ къалэныр нэхъыбэу щэнхабзэ Iуэхухэр цIыхухэм хэпщэным, жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ къэхъугъэхэр къэIэтыным хуэгъэпса хъуащ. «Къэрал псом щызэбгребгъэхыфыну, пощт зэпыщIэныгъэхэр къэзыгъэсэбэп цIыхухэр иризэлъэбгъэIэсыфыну Iэмал гъуэзэджэщ мы картэр, ауэ абы нэхърэ нэхъ укъызэщIэзыIэтэщ ар щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэ зэрыхъунур, усакIуэ цIэрыIуэм и IэдакъэщIэкIхэм я пщIэ къэIэтыным зэрыхуэлэжьэнур, хамэ щIыпIэ куэдым абы и цIэр зэрынихьэсынур», - жиIащ Табыщым.

ПащIэ Бэчмырзэ и цIэкIэ къыдэкIа пощт картэхэр псори зэгъусэу 250-рэщ зэрыхъур. Ахэр ящэнукъым, атIэ усакIуэм и цIэр зезыхьэ музейм, библиотекэхэм, архив хъумапIэхэм, щэнхабзэ икIи жылагъуэ лэжьакIуэхэм, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм, лъэпкъ Iуэхум дихьэххэм хуагуэшынущ.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ*.

КъБР-м и УФССП-м Налшык къалэм щиIэ къудамэм щIэлът и сабийхэм яримыт алиментхэу сом мин 500-м нэблагъэ зэтрезыгъэхьа цIыхухъум ехьэлIа тхылъыр.

• УФСПП-м къет

Сом мин 500 телът

ЩIЫХУЭР зытелъым и къалэныр игу къагъэкIыжащ хагъэзыхьри. Суд приставгъэзэщIакIуэм абы и щIыхуэр банк счётхэм щихъумэ ахъшэм хэгъэкIыныр къыхилъхьащ, Урысейм икIыну иIэ хуитыныгъэри пиубыдащ.

ЩIыхуэ зытелъым и къалэнхэр зэримыгъэзащIэм къыхэкIыу ар административнэ жэуапым ирашэлIащ УФ-м и КоАП-м и 3.35.1 статьям ипкъ иткIэ.

Iуэхум хэплъэри, судым ар административнэ жэуапым иришэлIащ Iэмал имыIэу лэжьэн хуейуэ. АрщхьэкIэ ари сэбэп хъуакъым адэм и пщэм дэлъ къалэныр къыгурыIуэжынымкIэ.

Жэуаплыныгъэр адэм щызыхищIар, щхьэусыгъуэншэу алиментхэр зэримытым къыхэкIыу УФ-м и УК-м и 57-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къызэраIэтынум щыгъуазэ ящIа нэужьщ.

ЩытыкIэр игъэзэкIуэжын папщIэ, алимент щIыхуэм пэкIуэну ахъшэр къигъуэтри, щIыхуэр нэсу зытригъэкIыжащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дэтхэнэри убыдыпIэщ

АРАТИ, куэдыр зыпэплъа зэманыр къэсащ - Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президент хъуащ мелардырыбжэ Трамп Дональд. Фигу къэдгъэкIыжынщи, абы а къулыкъур ипэкIи (2016 - 2020 гъэхэм) иIыгъауэ щытащ икIи зыкъыщигъэлъэгъуащ жиIам тумыгъуэтэж цIыхуу.

АрщхьэкIэ иджы щытыкIэр нэгъуэщIщ, блэкIами дерс гуэрхэр къыхихауэ къыщIэкIынщи, мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр къызэрызэригъэдзэкIынум шэч хэлъкъым. Сыту щытми, абыкIэ гугъапIэ уагъэщI хэхыныгъэхэм япэ къиихуэу жиIахэм. Дэ ди дежкIэ, дауи, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэр Украинэм зэпэщIэтыныгъэр щигъэувыIэну къызэригъэгугъарщ. Абы ар хузэфIэкIынущ США-м Киев IэщэкIэ дэIэпыкъун зэрыщигъэту. Европэм (Инджылызым, Германием, Франджым, нэгъуэщIхэми) хузэфIэкIынукъым Урысейм къызэрыпэщIэтыфыну дэIэпыкъуныгъэ нацистхэм яритын, ар хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу Трамп мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэнум куэд елъытащ. Ауэ абы ищIэн хуейщ мыбдеж ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэр къанэ щымыIэу къыщимылъытэу зэрымыхъунур. Москва идэжынукъым къагъапцIэу, хьэгъэщагъэ къыкIэлъызэрахьэу, абы зригъэхъулIэнущ дзэ Iуэху хэхам щыщIидзэм зыхуигъэувыжа къалэнхэр. Ахэращ зи гугъу ящI зэгурыIуэныгъэм и лъабжьэу увын хуейри.

Иджыпстуи нэрылъагъущ Байден Джо хуэдэу Трамп украин Iуэхухэр игъэнэхъыщхьэхэм зэрыхимыгъэхьэнур. Абы и куэдщ езым и къэралым егъэщIылIауэ зэфIигъэкIын хуейхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, миграцэм (цIыхухэр уэру къэIэпхъуэным) и гъуэгур зэхуищIыныр. Ар дыдэмкIэ демократхэм я лъэр щIеуд - ахэращ абыхэм я партым щхьэкIэ нэхъыбу Iэ зыIэтыр. ЕтIуанэрауэ, Трамп хущIэкъунущ Канадэр 51-нэ штату США-м хигъэхьэну, Гренландиемрэ Панамэ кIэнауэмрэ къищэхуну. Ар тыншу щытынукъым. Абыхэм къадэкIуэу псоми яужэгъуащ зи Iэхэр ущIауэ зэпымыууэ лъаIуэ Украинэм дэIэпыкъуныр. Абы щыгъуэми, Киев ират ахъшэр зэхадыгъуэ.

Iуэхухэр ежьащ. ЩIышылэм и кIэухым Москва къэкIуэнущ президентыщIэм и ныбжьэгъуфI, дунейм щынэхъ къулей дыдэ Маск Илон. Абы иужь итынущ Унэ хужьым къулыкъушхуэ зыщылъысахэм ящыщхэр. А псори зыхуэгъэзар мы гъэм и мазаем Трамп Дональдрэ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ зэхуагъэзэнырщ. А зэIущIэм къэралитIым я мызакъуэу дуней псом и дежкIи мыхьэнэ ин зэриIэнур гурыIуэгъуэщ.

Зэрытлъагъущи, зэхъуэкIыныгъэхэм щIидзакIэщ икIи абыхэм яфI иужь зэманым зэщыIея къэралитIым къикIыным ущыгугъ хъунущ. Мыбдеж псори къыщылъытэн хуейщ: япэрауэ, ди лIыщхьэхэр мыIейуэ зэроцIыху, етIуанэрауэ, къегъэщIылIа цIыхухэм зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

Зыми шэч къытрихьэжыркъым спортымрэ политикэмрэ зэрызэпхам. Иужь илъэсхэм дэ ар белджылыуэ ди нэгу щIэкIащ. Ауэ мис ардыдэр иджы къытщхьэпэжынкIэ зэхуэIуа щыIэкъым (е мыхъу фIы хъужыркъым).



Iуэхур зыIутыр Трамп «Вашингтон» хоккей командэм и капитан Овечкин Александр пщIэшхуэ къызэрыхуищIырщ. Ди къэралым фIыуэ щамыцIыху а щIалэр США-м егъэлеяуэ щыцIэрыIуэщ и зэфIэкIымкIэ. ЖыпIэну ирикъунщ абы и ныкъуэкъуэгъухэм я гъуэхэм шайбэ 872-рэ зэрыдигъэкIар икIи тхыдэм хэмыкIыжыну къыхэна Гретцки Уэйн хузэфIэкIам нэсын папщIэ 22-рэ къудей фIэкIа къызэрыхуэмынэжар. 2024 гъэми Александр абы щхьэпрыкIыфыну щытащ, къэзыгъэувыIар и лъакъуэр зэрыкъутарщ. ГъэщIэгъуэнщ илъэс 39-рэ хъу Овечкин псынщIэу (махуэ плIыщIым къриубыдэу) къызэрызэфIэувэжар - абы и ныбжьым иткэм апхуэдэ ялъэкI хабзэкъым. Джэгун щIидзэжа къудейкъым, атIэ шайбэхэр дегъэкI.

Александр утыку къызэрихьэжам Америкэ псор щыгуфIыкIащ, езы Трампи яхэту. 2018 гъэм «Вашингтон» Стенли и кубокыр къыщихьам командэр президентым Унэ хужьым щригъэблэгъауэ щытащ. Абы щыгъуэм Дональд Александр къыжриIауэ щытащ: «Уи джэгукIэм сыдихьэх къудейкъым, атIэ икIи ситхьэкъуащ!».

Трамп спортсменхэр фIыуэ елъагъу. Зэгуэр, уеблэмэ, Гретцки жриIат Канадэм и премьер-министру игъэувыну хьэзыру. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ языныкъуэхэм къалъытащ президентыр мыгушыIауэ.

МыдэкIэ къэдгъэзэжынщи, псори дыщыгъуазэщ спортым къэралхэми лъэпкъхэми я зэпыщIэныгъэхэр зэригъэбыдэм. Нэхъыжьхэм дощIэж 1972 гъэм СССР-мрэ США-мрэ хоккеимкIэ я командэ къыхэхахэм я зэIущIэхэр зэхуэщIыIэ дунеитIым я зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэным щIэгъэкъуэнышхуэ хуэхъуауэ зэрыщытар. Иджыри абы ещхь гуэр къыкъуэмыкIауэ пIэрэ?

ЗымыщIэхэм папщIэ: Овечкиным зэи щIиуфакъым езымрэ Путин Владимиррэ яку ныбжьэгъугъэ зэрыдэлъыр. Александр УФ-м и Президентыр хэхыныгъэ псоми щыдиIыгъащ, хэбгъэзыхьмэ, абы и телъхьэу спортсмен цIэрыIуэ гуп къигъэуващ щытащ.

Зэрытлъагъущи, лъэныкъуитIми яку къыдэхутащ. Иджы куэд щIоупщIэ: ар зыгуэркIэ щIэгъэкъуэн хуэмыхъуну пIэрэ президентитIым нэхъ зызэхащIыкIыным? Дауи, ар къэзыгъэлъэгъуэнур Путин Владимиррэ Трамп Дональдрэ я зэIущIэрщ. Ауэ гурыIуэгъуэщ ижь зэрыщIихунури: мыбдеж цIыкIуфэкIу щыщыIэкъым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЛIэщIыгъуэхэр зэпызыщIэ

СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ «Образы времён» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ IуэхущIапIэр къызэрызэIуахрэ илъэс 65-рэ, урыс, къухьэпIэ, къуэкIыпIэ къэралхэм я гъуазджэ хьэпшыпхэр абы зэрыщахъумэрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ.

МУЗЕЙМ и пэIущIэ пэшым щагъэлъагъуэ XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм щыIа хьэпшыпхэр. ЕтIуанэ пэшым щыболъагъу Урысейм и художникхэм XX лIэщIыгъуэм я IэдакъэкъыщIэкIахэм щыщ. Ещанэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр, Хэку зауэшхуэм хэта художникхэри къызэщIиубыдэу. Апхуэдэщ Ваннах Михаил, Жэрыщты Аслъэнбий, Славников Всеволод, Третьяков Николай, Трындык Николай сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. КъыжыIапхъэщ, гъэлъэгъуэныгъэр Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу къызэрызэрагъэпэщар.

Выставкэм куэду хагъэхьащ сурэтхэр, скульптурэхэр, декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр. СурэтхэмкIэ гъэдэха, фарфорым къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, пхъуантэ цIыкIухэр, блын сыхьэтхэр гъуазджэ хьэпшып телъыджэщ. ИлъэсищэкIэ узэIэбэкIыжмэ, 1925 гъэм Москва и Урыс Къэрал музейм, Эрмитажым я фондхэм, цIыху щхьэхуэхэм къабгъэдэкIыу Налшык кърагъэшат пасэрей гъуазджэ хьэпшып 200-м нэблагъэ. Абы лъандэрэ а лэжьыгъэхэр ди щIыналъэм щахъумэ, блэкIа зэманымрэ ди нобэмрэ зэпащIэу.

- Мы лэжьыгъэхэр я IэдакъэкъыщIэкIащ дызэрыгушхуэ художник цIэрыIуэхэм. Дэтхэнэ зыри нэр зыгъэгуфIэщ! Ахэр республикэм, музейм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ зэхуахьэсащ. Илъэс куэд щIауэ цIыхубэм яфIэгъэщIэгъуэна лэжьыгъэхэм иджырей щIэблэр къыщIэтэджэнущ. Зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ цIыхубэр хэзыгъэгъуазэ музейм и лэжьакIуэхэм си гуапэу сохъуэхъу, – жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий жиIащ музейм щалъагъу гъуазджэ, щэнхабзэ щIэинхэм зэманхэр, лIэщIыгъуэхэр зэрызэпащIэр мы гъэлъэгъуэныгъэм наIуэ къызэрыпщищIыр. Текуевыр музейм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ дяпэкIи я IуэхущIапIэр ефIэкIуэну, заужьыну, я лэжьыгъэм иIэ щIэупщIэм къыхэхъуэну.

- Театр, музей, консерваторэ щымыIэмэ – цIыхуби щыIэкъым, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ художник, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик Црым Руслан. – Илъэс бжыгъэ дахэ къэзыкIуа СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейр дяпэкIи ефIэкIуэну ди гуапэщ!

Музейм и къудамэм и унафэщI Леонтьевэ Нинэ къытеувыIащ 1960 гъэм къызэIуаха я IуэхущIапIэм тхыдэ гъуэгуанэ дахэ къызэрикIуам, Къэтхъэн Назир, музейм и япэ унафэщIхэм, псапащIэхэм я фIыгъэкIэ я фондыр зэрыбэгъуам. Ар гупсэхуу къытеувыIащ выставкэм хагъэхьа лэжьыгъэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ. Къыхэдгъэщынщи, нобэ музейм хьэпшып мини 3-м щIигъу щахъумэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр «Унагъуэ» лъэпкъ проектым хыхьэу къызэрагъэпэщащ икIи гъатхэпэм и 2 пщIондэ лэжьэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ахъшэр иджыпсту, шэнтыр...

● Гукъеуэ

Иужьрей зэманым куэдрэ зэхыдох дунейр мыхъумыщIэ хъуауэ, цIыхухэм захъуэжауэ, япэм ещхьу хабзэ-бзыпхъэ щымыIэжу, нэгъуэщI къинэмыщIу. Сэ сыарэзыкъым дунейм теухуауэ жаIэмкIэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ екIэрэхъуэкIын абы щIидзауэ си гугъэкъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, ЩIы хъурейм къыщыхъур зэлъытыжар дэращ – цIыхухэрщ. Дэрауи къыщIэкIынущ зызыхъуэжыр. Ауэ къызэрыгуэкIыу уриуэршэрынуми щIэныгъэ лэжьыгъэ тептхыхьынуми (философием къыщыщIэдзауэ социальнэ психологием щыщIэкIыжу) мыбы теухуауэ жыпIэнрэ птхынрэ бгъуэтынущ.

МЫХЭР сигу къэзыгъэкIар иджыблагъэ сызыIууа зы Iуэхущи, сыгъуэлъым къыздогъуэлъ, сытэджым къыздотэдж. Стхыну мурад щIэсщIари нэгъуэщIыр си щыуагъэм хуэдэ гуэрым щысхъумэмэ си гуапэу аркъудейщ.

Къалэкум ит вокзал цIыкIур, «Бэзэр удзыфэкIэ» дызэджэ сату щIапIэм пэгъунэгъур, си зекIуапIэщ махуэ къэс къуажэм сыкъикIыурэ сызэрылажьэм къыхэкIыу. Си пщэфIапIэм папщIэ шэнт сылъыхъуэн хуей щыхъуми къыщыщIэздзар абы и Iэгъуэблагъэрщ. Абы къедзылIа тыкуэнхэм сыщIыхьэурэ сеплъати, си нэм къыфIэнащ сызыхуейм хуэдэ. Махуэ бжыгъэкIэ сызэкIэлъыкIуащ уней IуэхущIапIэм щIэт бзылъхугъэр, къызэрыщIэкIамкIэ ар зей дыдэр, «къэзубыдын» щхьэкIэ: зэм пасэу щIэкIыжат, зэм иджыри къэсатэкъым. ИкIэм - икIэжым, си телефоныр къыхуэзгъэнащ, зыкъыспищIэну селъэIуу. ЗэрысщIынур схузэмыгъэзахуэурэ (ахъшэ хьэзыр ептын е кредиту банкым щебгъэтхын хуейти) мазитIи дэкIыжащ, итIанэщ и уасэр есту (мэлыжьыхьым и 30-м) къысхуригъэшэну сыщелъэIуар. «МазитIкIэ упэплъэн хуей хъунущ», - щыжиIэм абыи арэзы сытехъуащ.

Мазэ иримыкъу нэхъ дэмыкIыу, накъыгъэм и 26-м, бзылъхугъэм и деж диванрэ шэнтиуэрэ къыщысщтащ сом мин 20 естри. Къэнэжар никъуэникъуэу мазитIкIэ естыжыну дызэгурыIуащ. Мазэ дэкIри си щIыхуэм и никъуэр естыжащ, шэнтым и пIалъэ мазитIри зэрыблэкIар игу къэзгъэкIыжащ. «КхъыIэ, гъэпIащIэхэ!», - щыжысIэм сыкъигъэгугъащ. Абы иужькIи зэ жесIащ – зыри къыпысхакъым. Диваным и уасэм къэнэжар естын хуейуэ тхьэмахуитI дэзгъэкIащ. ИтIанэ заказ зыхуищIам и псалъэхэр къысхуегъэхь (шыщхьэуIум и 13-м) тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ гъэтIылъыпIэ гуэрым яшэну, абы иужькIэ мыгувэжыну, нэгъуэщI къинэмыщIу. КIэщIкIи къыпегъэувэ ахъшэ хуезгъэхьыжын зэрыхуейр. «Тхьэ, зэрыблэзгъэкIари сощIэм, - жызоIэ, - ауэ а ахъшэм узэрыпэплъэ дыдэм хуэдэу сэри си шэнтхэм сежьэрт! ИтIанэ, мы къысхуебгъэхьам жиIэр къызгурыIуэркъым сэ. Дэнэ здишэнур, сыт щIишэнур, дапщэщ къыщысIэрыхьэжынур си хьэпшыпыр?» «Сэ абы жиIэр уэ къызэрыбгурызгъэIуэнур дауэ? Заказыр къысIэрымыхьэмэ, сэри ахъшэ уэстынукъым жыпIэм къибгъэкIыр сыт? Сэ апхуэдэ иджыри къыздэсым зэхэсхакъым. Диваныр къыбогъэсэбэп, пэжкъэ, уи сабийр «хэбгъэсыну» къэпщтауэ?! Ахъшэ птыжын хуейкъэ? Сэ уи заказыр кIыхьлIыхь зэрыхъунур бжесIащ. Уи шэнт уасэр си щхьэ IуэхукIэ къэзгъэсэбэпакъым, шэнтым и уасэр естауэ аращ. Уэ пхуэдэу сыдэткъым тхьэ сэ!» «МазитIкIэ жыпIати, а пIалъэм къриубыдэу узгъэпIейтея, мазищрэ никъуэрэ хъуащ», - жызоIэри зыри зэхихкъым, «езым и пэжым» фIэкIа.

УзмыцIыхуу Iуэхутхьэбзэ пхуэсщIэри диваныр щIыхуэу уэстащ, жи. Сыт щхьэкIэ, сэ узмыцIыхуу шэнтхэм я уасэр зэрыщыту уэстакъэ, жызоIэри: «А тIур зыкъым, уэ тыкуэным укъакIуэри заказ пщIауэ аращ, хьэпшып ухуейуэ». Пэжщ, тыкуэным сыкIуащ, ауэ и уасэр щесткIэ тыкуэным хьэпшыпыр къыщIэсхын хуеякъэ? Хьэпшыпыр къысIэрыхьакъым, и уасэм щыщ Iыхьэкъым естари, атIэ зэрыщытущ. Жэуап лъэпкъ ихьыркъым пIалъэ къысхуагъэлъэгъуар хьэзыр зэрымыхъуамкIэ. Пэж дыдэу сыкъуаншэщ – процентипщI ипэ иту ептми зэрыщыту уасэр епт хъунт?! Мис-тIэ иджы, апхуэдиз псалъэмакърэ бампIэрэ къызыпкърыкIа шэнт мыгъуэхэр IэфIыж?!

«Сом мин 15-р хэгъэкIыж шэнт уасэми, къэнэж сом мин 21-р си картэм къысхуилъхьэж, сыхуейкъым шэнтхэми», - жызоIэри хузотх бзылъхугъэм. Зэхихкъым е хуейкъым зэхихыну. Сэ къыстенар зэрыслъхьэн хуей картэм и номерыр къыщригъэхьым сэри си телефон номерыр картэм зэрыпыщIар жызоIэ. Мы псалъэхэр и жэуапщ абы. «Ахъшэр пщэдей хъуху къысIэрумыгъэхьэмэ, уэрэ сэрэ щIегъуэжым деплъынщ итIанэ, къыбгурыIуа. Диван уасэр дахэкIэ къилъхьэж, заказыр дэ щыжытIам деж дэ уэттыжынущ. Укъыздэмыджэгу, цIыхубз, бжызоIэ. Иужьу ныпхуэстхыу аращ. Зауэ къибгъэкIыну ухуеймэ, сэ уэ уэзгъэлъагъунщ ар. УзыпэщIэхуар къозгъэщIэнщ тхьэ сэ уэ!»

«Уэ щхьэкIэ си напэр зытесхыжынукъыми, нызолъхьэ ахъшэр. АфIэкIа зы псалъэ бжесIэнукъым», - жысIэри сыпыкIащ. Хьэуэ, иужькIэ къитхахэми жэуап гуэрхэр естащ, зыхуэмышыIэ пщтырафэу. Ауэ, ухуеймэ сыти жыIэ, икIи уззэхихыркъым, икIи укъыгурыIуэркъым, икIи узэхищIыкIыркъым.

- Си сабий цIынэхэр зыми схуимыгъэкъым сэ, пщIэ щIэсту изогъэгъэбэяу, ахэр згъэшхэн щхьэкIэ сылажьэу аращ, - жи. Дэри ди гъунэгъухэм я сабийм щхьэкIэкъым дыщIэлажьэр. Мы гъащIэм апхуэдизу тезэшамэ, зэрыжыхуиIэм хуэдэу гугъуехьищэр игъэвмэ, щхьэ нэхъ цIыхуфI мыхъурэ?! И сабийхэр къыдрегъэжей дакъикъэ къэс, атIэ щхьэ абыхэм щхьэкIэ мымэхъашэрэ? Сэ нэхъ къэгъэпцIэгъуафIэ щыIэ къыщIэкIынкъым, тIэкIу сызыщытхъужынщи. «Залинэ, зэрыхъукIэ тхьэ согъэпIащIэмэ, сэри согузавэмэ пIалъэр зэрыфIэкIам щхьэкIэ, си деж къыщынэркъым», - жиIамэ адыгэбзэт, зы псалъи жесIэфынутэкъым. Хьэуэ, мыр аракъым, сату Iуэху хэмыт сэ зыгуэрым и макъ щхьэ къысхуебгъэхьын хуей, ари абы жиIэр къызгурыбгъэIуэну ухуэмейуэ.

Си псэлъэгъум иужьрейуэ къызжиIари?! Ахъшэр уэстыжырти къысIыпхыжакъым, шэнтхэм сежьэнущ жыпIэри, жи. А, унэжын, сыт щыгъуэ щыжысIар? МазитI дэкIа иужь, хьэмэрэ мазихыр кIуауэ? Зэи. Ахъшэр зыхуэдгъэгъэкIуэж щыжесIами сызэригъэшынэнрэ псалъэ гуауэрэщ къыпысхар.

Мазибгъу хъунущ шэнтым и уасэр зэрестри, иджыри къысIэрыхьэжакъым. ЗыгуэркIэ къызатыж хъуми (фIэщщIыгъуейщ!) апхуэдизу гугъу сызыдехьа унэлъащIэр си пщэфIапIэм схущIэгъэувэну си фIэщ хъуркъым. Ауэ хэт ар сэ къызэзытыжар?! Ахъшэр пщэдджыжьым, шэнтыр пщыхьэщхьэм, зэрыжаIэр сощIэ, сымыщIэр - сыт хуэдэ мазэм е илъэсым и пщыхьэщхьэра ар зытехуэнур.

ИСТЭПАН Залинэ.

Самбэм и хэщIапIэм

Бахъсэн къалэм и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ и деж къыщригъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым СамбэмкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Бабыгуей Олег, спорт ухуэныгъэхэмкIэ Урысей зэгухьэныгъэм и Президиумым хэтхэу Бабыгуей Аслъэнрэ Шураев Алексейрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Бахъсэн къалэм самбэмкIэ центр щыухуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм. ХьэщIэхэм абдежым щагъэлъэгъуащ ухуэныгъэ зыбжанэм я проектхэр, ягу ирихьыр къыхахын хуэдэу. Абы къыщыхэщащ пэхуэщIэр гъэзэщIа хъун папщIэ къалэ администрацэм хузэфIэкI къызэримыгъэнэнур.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2018 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкIауэ щытащ Урысей Федерацэм самбэм зыщегъэужьынымрэ ар дэIыгъынымрэ ехьэлIа унафэ. 2021 гъэми а спорт лIэужьыгъуэр Олимп джэгухэм хагъэхьащ.

Бахъсэн къалэм дэт, Щауэ Iэхьед и цIэр зезыхьэ спорт еджапIэм самбэм ныбжьыщIищэхэм нобэ зыщыхуагъасэ. Абыхэм яхэтщ курыт еджапIэ №2-м и кадет классым щIэс еджакIуэхэри.

«Спортым зыхуагъэсэн папщIэ ныбжьыщIэхэр зыхуэныкъуэ псомкIи къызэдгъэпэщыну ди къалэн нэхъыщхьэщ икIи абы ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр идогъэкIуэкI», – жиIащ Мамхэгъ Хьэчим.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Пашэхэр зэрытегъакIуэркъым

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэр зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм зэхэтащ. Мыбы нэхъ гу зылъытапхъэу икIи гъэщIэгъуэну джэгуахэр япэ, етIуанэ увыпIэхэм щыт Псынэдахэ и «Родник» командэмрэ Алътуд и «Искра»-мрэщ.

МЫ ЗЭIУЩIЭМ ипэ къихуэу хэщIыныгъэ имыщIэу, зэкIэлъыпыту текIуэныгъи 8 къэзыхьамрэ очкоитI фIэкIа зыфIэмыкIуэдамрэ зэхуэзат. ЗэрынэрылъагъущI, блэкIа гъэмахуэ чемпионатым щыпашэу щытахэрщ иджыри бжьыпэм хущIэкъухэр, зы щхьэкIэ адрейхэм ящхьэщыкIхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сыт щыгъуи апхуэдэу лъэрызехьэу джэгу командэхэм яхэмытыжыр «Тэрчырщ».

Иджы зи гугъу тщIыну къедгъэжьа зэIущIэ нэхъыщхьэм теухуауэ. Футболым дихьэххэм зэрыхуагъэфэщауэ, командитIри ерыщу зэпэщIэту джэгугъуэм хухаха дакъикъэ 90-р екIуэкIащ икIи абы къыпэкIуа 1:1 бжыгъэм къегъэлъагъуэ зыр адрейм емыфIэкIыу, тIури сакъыу, щыуагъэ щIагъуэ яIэщIэмыкIыу зэрыджэгуар.

НобэкIэ зэIущIибгъуми щыхагъэщIауэ иужь дыдэ увыпIэм щытыр Къэрэгъэш и «Инал» командэрщ. Ауэ, чемпионатым иджыри гъуэгуанэ гуэр къызэрыпэщылъыр къэплъытэмэ, дыщыгугъынщ мы адыгэ къуажэм и щIалэхэм дяпэкIэ я дэщIакIуэхэр ягъэгуфIэфыну.

Абы къищынэмыщIауэ, уимыгъэпIейтейуэ къанэркъым Налшык и «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщIэ командэри хуэмыхуу зэрыджэгум. УмыгъэщIагъуэу къанэркъым, ди футболым хуащI гулъытэр зэрехуэхам дэщIакIуэхэм къищынэмыщIа зыри зэримыгъэгузэвэжыр. ЦIыху куэд дэзыхьэхыу щыта ди республикэ футболым апхуэдэ гулъытэ фIэкIа имыгъуэтыжынумэ, гугъущ фIым ущыгугъыныр, ипэм щыгъуэ дызэрыпагэу щыта футболистхэм хуэдэ иджыри диIэным.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ адрей командэхэм я зэIущIэхэм кърикIуа бжыгъэхэм: **«Малка» - «Логоваз» - 1:3, «Родник» - «Искра» - 1:1, «Мурбек ФШ» - «Спартак-Д» - 1:1, «Псыгуэнсу» - «Инал» - 2:0, «Сады Баксана» - «Ислъэмей» - 3:4, «Шагъдий» - «Зэрэгъыж» - 6:0, «ГорИс» - «Урыху» - 2:0.**

НобэкIэ гъуащхьауэхэм я деж щыпашэр ХьутIэ Анзорщ («Родник»). Абы топ 13 хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дигъэкIащ. Абы кIэлъокIуэ Балъкъыз Амуррэ («ГорИс Налшык») Мокаев Тауланрэ. ТIуми 8-рэ апхуэдэ ехъулIэныгъэ яIащ.

Зи чэзу джэгугъуэхэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.«Родник»	**9**	**8**	**1**	**0**	**34 – 5**	**25**
2.«Искра»	**8**	**6**	**1**	**1**	**22 – 4**	**19**
3.«Шагъдий»	**9**	**5**	**2**	**2**	**17 – 10**	**17**
4.«ГорИс»	9	5	2	2	21 – 18	17
5.«Логоваз»	9	5	1	3	17 – 18	16
6.«Сады Баксана»	9	5	0	4	16 – 17	15
7.«Малка»	9	4	2	3	18 – 13	14
8.«Ислъэмей»	9	4	1	4	18 – 19	13
9.«Мурбек ФШ»	8	3	4	1	15 – 12	13
10. «Спартак-Д»	9	2	3	4	14 – 20	9
11. «Псыгуэнсу»	9	2	1	6	10 – 17	7
12. «Зэрэгъыж»	9	2	1	6	11 – 24	7
13. «Урыху»	9	1	1	7	7 – 20	4
14. «Инал»	**9**	**0**	**0**	**9**	**10 - 33**	**0**

Дзасэжьыр ягу къагъэкIыж

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Куба къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м волейболымкIэ республикэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. Ар и фэеплъу щытащ егъэджакIуэу щыта, къуажэм спортым зыщегъэужьыным хьэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Дзасэжь Анатолэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ республикэм и щIыналъэхэм я команди 6 икIи зэIущIэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь япэ увыпIэр къихьащ Кубам и командэ къыхэхам, етIуанэ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и волейболистхэр, ещанэ увыпIэр иубыдащ «Тэрч» гупым.

Фэеплъ зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIа командэхэм медалхэр, щIыхь тхылъхэр, кубокхэр иратащ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

ЛIыгъэм и дерс

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и нэIэ зытет, Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №6-м и кадет классым щIэсхэм дерс щхьэпэ драгъэкIуэкIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм.

ХЬЭЩIЭХЭР школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ Хэкум и хъумакIуэ IэщIагъэр къыщIыхахам, къадыхэт я ныбжьэгъухэм, зэрызэдэIэпыкъум, къыхуагъэува къалэнхэр щагъэзащIэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. АдэкIэ еджакIуэхэм ягъэлъэгъуащ я теорие щIэныгъэр, сатырым хэту зекIуэным зэрыхуэхьэзырыр, Калашниковым и автоматыр зэпкърылъхьэн-зэпкъэрыхыным зэрызрагъэсар.

- Мы гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсщ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирокъу. Ар къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным нэхъри ухэзышэщ,- къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм я класс унафэщI Рябиковэ Татьянэ.

ЗэIущIэм ягу къыщагъэкIыжащ школым щеджа прапорщик Пэунэж Альберт. Ар и дзэ къалэныр игъэзащIэу 2022 гъэм хэкIуэдащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаңнэ, Щхьэщэмыщ I Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр № 117
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Маруся** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Загирэ** *(2, 3-нэ нап.)*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.